DOCUMENT RESUME

ED 376 723 FL 022 591

TITLE	Yon Gid Pou Tout Refijye K'ap Viv nan Peyi Etanzini = (A Guide to Resettlement in the United States). Haitian Creole.
INSTITUTION	Center for Applied Linguistics, Washington, D.C.
PUB DATE	[94]
NOTE	102p.
PUB TYPE	Guides - Non-Classroom Use (055)
LANGUAGE	Haitian Creole
EDRS PRICE	MF01/PC05 Plus Postage.
DESCRIPTORS	Acculturation; Banking; Behavior Standards; *Community Services; *Cultural Traits; Daily Living Skills; *Employment Practices; Fringe Benefits; *Haitian Creole; Health Services; Holidays; Housing; Immigrants; Job Search Methods; *Land Settlement; Laws; Legal Aid; Mass Media; Monetary Systems; Money Management; Personnel; Politics; Public Education; Religion; Resumes (Personal); *Social Behavior; Taxes; Transportation; Uncommonly Taught Languages
IDENTIFIERS	Weights and Measures (Commercial)

ABSTRACT

The guide, designed for speakers of Haitian Creole who are immigrants to the United States, offers basic information on daily life, customs, and social behavior expectations. It begins with information about immigration laws and requirements, and proceeds to these topics: employment types and practices; employment benefits; taxes; job search; resumes (with both Haitian Creole and English text) and qualifications; public services and utilities; shopping; banking; the educational system at all levels; English language instruction; laws and politics; religion in American life; legal services; etiquette; the American monetary system; weights and measures; and holidays. The text is entirely in Haitian Creole, with limited subtitles translated into English. (MSE)

****
* Reproductions supplied by EDRS are the best that can be made *
* from the original document. *
****

Yon Gid Pou Tout Refijye K'ap Viv Nan Peyi Etazini

ED 376 723

A Guide to Resettlement in the United States

Haitian Creole

U.S. DEPARTMENT OF EDUCATION
Office of Educational Research and Improvement
EDUCATIONAL RESOURCES INFORMATION CENTER (ERIC)
This document has been reproduced as received from the person or organization originating it.
Minor changes have been made to improve reproduction quality.
Points of view or opinions stated in this document do not necessarily represent official OERI position or policy.

FL022591

BEST COPY AVAILABLE

Yon Gid Pou Tout Refijye K'ap Viv Nan Peyi Etazini

A Guide to Resettlement in the United States

Haitian Creole

CAL
Center for Applied Linguistics
1118 22nd Street NW
Washington DC 20037
USA
Tel 202-429-9292 • Fax 202-659-5641

YON GID POU TOUT REFIJYE K'AP VIV NAN PEYI ETAZINI

Gid sa a se rezilta travay ki soti nan kat (4) lòt dokiman diferan Sant Lengwistik Aplike (Center for Applied Linguistics) te prepare nan ane 1982 (gras) ak finansman Depatman Deta peyi Etazini. Travay ki nan ti gid sa a se rezilta kolaborasyon reprezantan diferan ajans nan peyi Etazini tankou: U.S. Voluntary Resettlement Agencies, Center for Applied Linguistics, U.S. Department of State Bureau of Population, Refugees, and Migration ak International Organization for Migration.

Nan edisyon sa a, (1993) genyen menm enfòmasyon ki te parèt nan edisyon orijinal lan, men gen kèk ti koreksyon ak kèk ti chanjman nan jan dokiman an prezante.

Tout enfòmasyon ki andedan dokiman sa a se enfòmasyon Biwo Zafè Refijye nan Depatman Deta peyi Etazini te devlope ansanm ak Sant Lengwistik Aplike. Men tout enfòmasyon sa yo pa reprezante politik jeneral Biwo Zafè Refijye an, e gouvènman federal lan pa andose okenn reskonsablite pou enfòmasyon sa yo.

Depatman Deta rezève dwa pou li fè kopi, pibliye e sèvi ak dokiman sa a, epi tou li gen dwa otorize nenpòt anplwaye leta sèvi ak dokiman sa a pou fè travay gouvènman an.

POU LOUVRI KÒZMAN

Gid sa a fèt pou ede ou adapte ak lavi nan peyi Etazini.

W'ap jwenn tout kalite enfòmasyon nan gid sa a k'ap sèvi ou depi lè ou fèk rive nan peyi Etazini jouk ou fin tabli pa bò isit nèt. Enfòmasyon ki nan gid sa a ap ede ou lè ou fèk debake nan peyi Etazini paske w'ap jwenn enfòmasyon sou tout kalite sèvis ou ka bezwen tankou: travay, lekòl, gouvènman, lalwa ak konsomasyon.

Tradiksyon gid sa a fèt pou diferan pèp, nan anpil lòt lang. Men tout tradiksyon yo gen egzakteman menm enfòmasyon an.

Enfòmasyon ki nan gid sa a gen anpil detay k ap ede w konprann lavi nan peyi Etazini, se vre. Men, ou pap janm jwenn tout enfòmasyon ou ta ka bezwen pou ou viv nan peyi Etazini. Ou pap jwenn sa nan okenn liv paske li difisil anpil pou ou kite peyi ou pou ou aprann viv nan yon lòt peyi. Pi bon bagay ou ka fè se pare tèt ou pou ou fè anpil esperyans tou nèf, epi pou ou aprann anpil bagay ou pat konnen.

Nou swete ou anpil chans!

CHAPIT 1
KIJAN YON MOUN TABLI NAN YON LÒT PEYI

ENTWODIKSYON 1

1. ANVAN YON MOUN RIVE ISIT 2
   a. Ki moun yo kite antre isit kòm refijye? 2
   b. Deklarasyon Prensip 3
   c. Frè Vwayaj 5
   d. Ladwann nan peyi Etazini 5

2. LÈ YON MOUN AP TABLI NAN PEYI ETAZINI 6
   a. Ki reskonsablite ou 6
   b. Lajan pou ede refijye 6
   c. Sponsors: Sa ki rele sponsor? 7
   d. Lè ou rive 8

3. ESTATI LEGAL 10
   a. Refijye 10
   b. VISAS-93 11
   c. Rezidans 12
   d. Sitwayen 13

4. KÈK ENFÒMASYON MOUN MAL KONPRANN 14

5. ADAPTASYON ETRANJE NAN PEYI ETAZINI 16

KONKLIZYON 18

CHAPIT 2
TRAVAY NAN PEYI ETAZINI

ENTWODIKSYON 19

1. KI KALITE TRAVAY KI GENYEN 20
   a. Travayè ki pa gen metye 20
   b. Travayè ki gen metye 22
   c. Travayè Pwofesyonèl 22

2. KI KALITE PWOTEKSYON OU KA BENEFISYE NAN YON TRAVAY 23
   a. Sekirite Sosyal 23
   b. Asirans pou chomè 24

c. Asirans pou aksidan nan travay (Workers' Compensation) ... 24
d. Asirans lavi ... 24
e. Asirans Sante ... 25
f. Pansyon ... 25
g. Konje Maladi ... 25
h. Vakans ... 25

3. SALÈ AK KONTRIBISYON ... 26
a. Salè ... 26
b. Kontribisyon ... 26

4. POU OU JWENN YON TRAVAY ... 30
a. Kote Ou Kapab Jwenn Enfomasyon Sou Travay ... 31
b. Cheche Travay ... 32
c. Curriculum Vitae ... 33

5. CHANJMAN TRAVAY ... 38
a. Konpòtman ou nan yon Travay ... 38
b. Kouman Pou Ou Vanse Nan Yon Travay ... 38
c. Chanje Travay ... 39

KONKLIZYON ... 40

CHAPIT 3
LAJAN KI ANTRE AK LAJAN KI SOTI

ENTWODIKSYON ... 41

1. KOUMAN OU KA TABLI YON BIDJÈ AK LAJAN OU TOUCHE ... 41
a. Depans fiks ... 41
b. Depans ki varye ... 43

2. ALE NAN MACHE ... 43
a. Ki lòt kote ou kapab jwenn enfòmasyon sou magazen ... 44
b. Kouman ou ka achte bon mache ... 45
c. Ki kote ou kapab achte ... 45
d. Kouman ou kapab peye yon machandiz ... 46

e. Taks ak resi 47
f. "Warranties" 47
g. Remèt Machandiz 48
h. Kat Kredi 48

3. SÈVIS LABANK 49
a. kont chèk 49
b. Kont nòmal pou sere lajan 52
c. Prete Lajan 52
d. Bwat labank 52

KONKLIZYON 53

CHAPIT 4
EDIKASYON NAN PEYI ETAZINI

ENTWODIKSYON 55

KLAS ELEMANTÈ 55

KLAS SEGONDÈ 55

1. EDIKASYON POU TI MOUN 56
a. Ki kalite lekòl ki egziste 56
b. Kèk enfòmasyon ou dwe genyen sou lekòl nan peyi Etazini 57
c. Pwoblèm kouran 60
d. Travay ak lekòl 61
e. Reskonsablite yon paran 61
f. Apre lekòl Segondè 62

2. EDIKASYON POU GRANMOUN 63
a. English as a Second Language 64
b. Pwogram pou granmoun "Adult Basic Education" 65
c. Lekòl teknik 65
d. Kolèj ak Inivèsite 65
e. Sèvis Militè 67

KONKLIZYON 68

CHAPIT 5
SISTÈM SOSYAL, SISTÈM POLITIK AK RELIJYON NAN PEYI ETAZINI

ENTWODIKSYON 69

1. SÈVIS SOSYAL 70
   a. Pwogram Pou ede Moun ki pap Travay 70
   b. Lòt Pwogram pou moun ki pa touche anpil kòb 72

2. LASANTE NAN PEYI ETAZINI 72
   a. Sante Piblik 73
   b. Doktè Prive 73
   c. Klinik 74
   d. Lopital 75
   e. Sèvis Ijans 75
   f. Dantis 76
   g. Kouman pou ou peye sèvis doktè ak dantis 76

3. LALWA AK GOUVÈNMAN 77
   a. Estrikti Politik nan Peyi Etazini 78
   b. Eleksyon ak Pati Politik 79
   c. Dwa yon moun dapre lalwa 79
   d. Lalwa nan peyi Etazini 80
   e. Asistans legal 81
   f. Lalwa ak Pwoteksyon Piblik 81

4. RELIJYON NAN PEYI ETAZINI 82
   a. Relijyon nan peyi Etazini 83
   b. Wòl Legliz nan patwone refijye 84

KONKLIZYON 84

CHAPIT 6
KÈK KONSÈY POU CHAK JOU

1. KOUMAN POU OU MANDE ÈD 85
2. PAPYE KI DWE NAN BOUS OU 85
3. OTOMOBIL 85
4. SI OU BEZWEN YON NIMEWO TELEFÒN 85
5. ALKÒL 86
6. FÒMALITE 86
7. ZAFÈ PRIVE 86
8. RANDEVOU 86
9. MOUN KI FIMEN SIGARÈT 87
10. IJYÈN PÈSONÈL 87
11. POUBWA 87
12. KOUMAN OU DWE EKRI CHIF 87
13. LAJAN 87
14. PWA AK MEZI 89

CHAPIT 7
JOU KONJE AK DAT ESPESYAL NAN PEYI ETAZINI

91

CHAPIT 8
AJANS BENEVÒL KI NAN PEYI ETAZINI

95

CHAPIT 1
KIJAN YON MQUN TABLI NAN YON LÒT PEYI

ENTWODIKSYON

Anpil moun di peyi Etazini se yon nasyon ki chaje ak imigran paske zansèt pi fò ameriken te kite peyi pa yo pou yo te jwenn libète epi pou yo te chèche lavi nan peyi bò isit. Anpil pitit pitit imigran sa yo konnen tout kalite sakrifis ak gwo jefò fanmi yo te blije fè pou yo te rive tabli nan yon peyi tou nèf. Nan sans sa-a, peyi Etazini se yon nasyon ki bay tout pèp ki vin viv ladann tout valè yo merite, ki apresye valè kilti pèp sa yo, epi tou ki ouvri bra li bay tout moun ki pare pou yo travay pou yo kontinye bati sosyete sa-a.

Lè yon refijye vin tonbe nan yon peyi, se li menm ki reskonsab pou li vin entegre tèt li nan sosyete l'ap viv lan, jouk li vin gen rezidans. Men, lè refijye sa-a fèk debake, l'ap bezwen anpil sipò. Ki kote li kapab jwenn sipò sa-a? Nan peyi Etazini gen anpil ajans benevòl k'ap travay depi lontan nan zafè bay refijye tout kalite sipò ansanm ak gouvènman federal lan. Ajans sa yo se ajans prive; yo pa ni atache ak gouvènman federal lan, e yo pa dèye fè lajan. Gen anpil ajans sa yo ki gen lyen ak legliz. Tout ajans sa yo siyen yon akò espesyal ak biwo ki okipe zafè refijye nan Depatman Deta e yo dwe respekte tout sa ki ekri nan akò sa-a depi sou jan yo fonksyone rive sou kalite sèvis yo bay.

Gouvènman federal lan fèk koumanse patisipe nan zafè ede refijye tabli nan peyi isit, paske lè peyi Etazini te koumanse aksepte refijye bò isit, gouvènman federal lan pat nan kesyon sa-a ditou. Se ajans benevòl prive yo ki te okipe tout kesyon sa yo, e chak ajans sa yo vin devlope fason pa yo pou yo okipe zafè refijye. Se sa ki fè kapab genyen anpil diferans nan pratik ansanm ak politik chak ajans benevòl, menm si ajans sa yo nan menm kominote a, osnon nan branch lokal yon ajans ki nasyonal. Men,

tout ajans benevòl yo travay pou ede tout refijye konprann sistèm peyi Etazini lè yo vin tabli nan peyi bò isit.

1. ANVAN YON MOUN RIVE ISIT

a. Ki moun yo kite antre isit kòm refijye?

Se gouvènman peyi Etazini ki gen dwa deside ki kalite moun ki ka vin viv isit kòm refijye. Desizyon sa-a soti nan lwa peyi a ansanm ak kritè ki deja tabli.

Tout moun ki vle antre nan peyi Etazini kòm refijye dwe fè yon demann nan Sèvis Imigrasyon ak Natiralizasyon peyi Etazini (INS) epi li dwe pase yon entèvyou ak yon ofisye imigrasyon. Kidonk, selon seksyon 101 (a) (42) nan lwa ki te pase sou refijye nan ane 1980, yon refijye se:

> *"nenpòt moun ki pap viv nan peyi natif natal li osnon ki pa kapab rete nan peyi kote li t'ap viv lan, si se yon moun ki pa gen nasyonalite. Moun sa yo pa kapab osnon pa vle tounen poutèt pèsekisyon osnon paske yo pè tout kalite represyon yo ka fè sou yo akòz relijyon yo, ras yo, nasyonalite yo, lide yo, opinyon yo osnon patisipasyon yo nan yon gwoup sosyal osnon yon gwoup politik."*

Non sèlman gouvènman federal lan deside kilès ki kapab vin viv isit kòm refijye, men tout chak ane li deside ki kantite ak ki kalite refijye l'ap pèmèt antre isit. Gouvènman federal lan chwazi refijye ki peyi l'ap aksepte chak ane tou. Chak ane fiskal, soti nan mwa oktòb rive nan mwa sektanm, gouvènman federal lan deside sou kantite refijye l'ap pèmèt antre isit epi li deside konbyen refijye l'ap aksepte ki soti nan chak peyi. Gouvènman federal lan aksepte refijye ki soti nan 5 zòn jewografik sa yo: Afrik, Pwòch Oryan, Ewòp delès/Inyon Sovyetik, Amerik Latin, ak sidès Azi. Kantite refijye peyi Etazini ap aksepte depann anpil de zòn kote yo soti an; peyi Etazini kapab aksepte kèk moun ki soti nan yon zòn, konsa tou li ka aksepte anpil moun ki soti nan yon lòt zòn. Se

konsa ou menm tou, ou ka tonbe nan gwoup refijye ki soti nan diferan peyi tankou Ayiti, Afganistan, Etyopi, Lapolòy, Inyon Sovyetik, Kiba, Vyetnam ak anpil lòt peyi ankò.

Lè yon moun fin jwenn estati refijye nan peyi isit, se ajans benevòl ki espesyalize nan zafè ede refijye ki ba li tout sipò li bezwen lè li fèk antre isit. Moun k'ap travay nan ajans benevòl sa yo rekonèt ke tout refijye sa yo chwazi rekòmanse vi-yo nan peyi Etazini, kote y'ap jwenn libète. Nan sans sa-a, ajans benevòl yo pran reskonsablite pou ede refijye yo rekòmanse vi yo.

b. Deklarasyon Prensip

Tout moun k'ap vin viv nan peyi Etazini kòm refijye sitou si se yon ajans benevòl k'ap patwone li, blije siyen yon deklarasyon prensip anvan li rive isit, dapre règleman peyi Etazini. Deklarasyon Prensip sa-a konn ekri nan lang natif natal moun/ refijye sa-a.

EGZANP YON DEKLARASYON PRENSIP

Non:

Nimewo Dosye:

Ou pral antre nan peyi Etazini kòm refijye talè konsa. Gen yon ajans benevòl ki okipe tout zafè refijye ki pral ede ou osnon k'ap patwone ou.

Ajans k'ap patwone ou lan pral chèche yon lòt ajans pou patwone ou osnon l'ap ba ou tout sipò ouap bezwen lè ou fèk debake.

Ajans sa-a vle ede ou vin reskonsab tèt ou san pèdi tan. Sa vle di y'ap ede ou jwenn travay.

Si ou konprann e si ou dakò ak tout sa ki ekri nan deklarasyon prensip sa-a, siyen non ou pi ba.

1. M'ap aksepte tabli nenpòt kote nan peyi Etazini si mwen pa gen okenn fanmi osnon zanmi ki kapab ban mwen sipò.

2. Lè mwen fin akspete tabli nan yon vil, mwen pa kapab mande yo transfere mwen nan yon lòt vil, ni mwen pa kapab vle yo ban mwen sipò nan yon lòt vil.

3. M'ap aksepte nenpòt lojman yo bay pou mwen ak fanmi mwen.

4. Si mwen gen laj pou mwen travay, m'ap aksepte nenpòt travay, menm si travay sa-a se pa metye mwen. Mwen kapab chanje travay pi devan si mwen pa kapab boule nan travay sa-a, men ajans benevòl ki patwone mwen-an, pap oblije ede mwen jwenn yon lòt travay.

5. Se mwen k'ap gen reskonsablite chèche/peye yon lekòl si mwen vle aprann yon bagay. Mwen konprann gen kou angle ki fèt aswè e ki gratis.

Temwen_____Siyati_____

Dat_____Dat_____

Yo mande tout refijye pou yo siyen papye sa-a lè yo rive isit pou yo kapab klè sou reskonsablite-yo.

c. Frè Vwayaj

Gen yon biwo ki rele òganizasyon entègouvènmantal pou kesyon migrasyon (Intergovernmental Organization for Migration (IOM)) k'ap prete ou lajan pou peye biyè avyon an. Se gouvènman federal lan ki bay lajan sa-a. Pri biyè avyon an pap chanje lè ouap pati pou ale nenpòt kote nan peyi Etazini, epi tou biyè avyon-an ap koute mwens kòb pase yon biyè nòmal.

Anvan ou pati pou vin nan peyi Etazini, ouap blije siyen yon papye k'ap sèvi kòm prèv ou dakò pou remèt lajan biyè avyon an. Se ajans ki patwone ou lan k'ap gen reskonsablite touche lajan sa-a e ou gen dwa remèt yon mòso nan lajan-an chak mwa osnon ou ka remèt li an-antye. Pa gen enterè sou lajan-an, men se yon lajan ou dwe jouk ou fin peye li nèt. Lajan ou remèt lan, sèvi pou peye biyè avyon lòt refijye k'ap antre isit e se konsa òganizasyon entègouvènmantal pou kesyon migrasyon-an kapab kontinye ede lòt refijye menm jan li te ede ou.

d. Ladwann nan peyi Etazini

Chak pasaje nan yon vòl entènasyonal gen dwa pou li pote 22 kilo. Si ou ta gen plis pwa osnon anpil malèt, se ou menm ki reskonsab peye yo.

Ni ajans ki patwone ou lan ni òganizasyon entègouvènmantal pou kesyon migrasyon-an pa gen lajan pou yo peye malèt ak pwa ou pote an plis. si ou gen kesyon ki gen rapò ak malèt osnon ak yon bagay espesyal ou ta renmen pote lè ouap vwayaje, ou dwe pran kontak ak ajans k'ap patwone ou lan. Ou dwe kontakte ajans lan anvan ou pati.

Sèvis ladwann nan peyi Etazini defann moun antre isit ak sèten bagay ki soti nan lòt peyi. Pa egzanp, yo defann moun pote dròg/nakotik, fwi, plant, legim, ak vyann. Men y'ap kite ou antre ak nenpòt medikamen doktè preskri. Kidonk, li enpòtan anpil pou ou kontakte ajans ki patwone ou lan pou konnen tout bagay sa yo davans.

2. LÈ YON MOUN AP TABLI NAN PEYI ETAZINI

a. Ki reskonsablite ou

Pou yon moun rive tabli nan peyi Etazi kòrekteman, sa pral depann anpil sou kijan ou chèche degaje-on pase sou kantite sipò ou jwenn. Fòk nenpòt moun ki vle viv isit konnen kouman ameriken se yon pèp ki depann sou tèt li. Menm si tout anpwaye nan ajans benevòl yo ap ede ou konprann diferans ki gen nan peyi isit ak lakay ou, se ou ki pou demele ou pou chèche lavi ou nan peyi bò isit.

Si ou kapab travay, ouap blije pran nenpòt travay k'ap pèmèt ou viv menm si travay la pa peye anpil osnon travay la pa gen anyen pou li wè ak sa ou te etidye lekòl. Si ou pa ko fin pale angle byen, ou pral oblije ale lekòl tou pou ou aprann angle. Li toujou pi bon pou yon moun koumanse aprann angle depi li fin deside pati pou li vin tabli nan peyi Etazini paske sa ka ede li ak tout aplikasyon li blije fè lè li fèk rive.

Ou pral blije aprann viv san ou pa depann twòp sou sipò pèsonn. Se ou ki pou degaje ou jwenn lavi pou tèt ou ansanm ak fanmi ou. Siksè ou nan peyi isit pral depann sou konesans ou sou lwa peyi isit ansanm ak jan moun nan peyi isit fonksyone. Pou ou kapab tabli nan peyi Etazini kòrekteman, fòk ou aprann konprann valè osnon tout sa ki enpòtan pou pèp ameriken an. Sa pa vle di pou vire do bay valè pa ou osnon tout sa ki enpòtan pou ou. Tout moun k'ap travay nan ajans ki patwone ou lan konprann difikilte yon refijye e yo konnen sa pral pran tan pou ou vin abitye ak fonksyònman peyi isit, men, malgre sa y'ap atann ouap kapab reskonsab tèt ou vit e prese.

b. Lajan pou ede refijye

Tout ajans benevòl ki okipe zafè refijye k'ap vin tabli nan peyi Etazini regle tout papye ki nesesè yo anvan refijye an rive isit. Ajans sa yo gen tan chèche yon kay pou yo mete ou epi tou yo

eseye jwenn tout kalite sèvis yo konnen ou ka bezwen. Chak ajans benevòl resevwa yon ti kòb nan men gouvènman federal lan pou ede yo regle tout kesyon sa yo pou chak refijye yo ede tabli isit. Gouvèman federal lan bay ajans yo kòb sa-a yon grenn fwa. Kidonk se direksyon nasyonal chak ajans benevòl ki deside kouman lajan sa-a pral depanse, dapre kontra yo te siyen ak gouvènman federal lan.

Demach pou ede refijye tabli isit ka pran anpil tan epi yo ka koute anpil kòb tou. Kòm lajan gouvènman federal lan pa kapab peye tout frè yo, ajans benevòl yo blije toujou ap chèche volontè ki pou ede yo ogmante resous yo.

c. "Sponsors": Sa ki rele "sponsor"?

Yon "**sponsor**" se yon moun, yon gwoup moun legliz, osnon manm yon klib ki bay tan yo paske yo vle ede ajans yo. Moun sa yo pa touche pou travay yo fè an. Moun sa yo konprann difikilte yon refijye ka konfwonte pou li fonksyone nan yon kote li pa konnen. Anpil fwa, moun sa yo se moun ki soti nan klas mwayèn peyi Etazini e ki konnen difikilte pou jwenn yon travay, pou kenbe travay sa-a, pou peye manje, elektrisite, dlo, epi pou voye ti moun lekòl. Moun sa yo se volontè yo ye; yo pa touche; yo pa oblije bay tan yo; yo bay tan yo paske yo vle ede.

Si yon refijye gen zanmi osnon fanmi, ajans lan kapab depann sou yo pou "sponsor" savledi patwone refijye sa-a, menm jan ak lòt volontè yo. An jeneral, se moun k'ap travay nan ajans yo ki gen reskonsablite ede refijye yo. Men, ajans yo konte sou volontè osnon "sponsor" pou ede yo tou.

Kidonk, selon kalite demach ajans benevòl lan fè pou li ede yon refijye tabli nan peyi isit, yon "sponsor" se gen dwa yon grenn osnon yon gwoup volontè ki bay tan yo, yon zanmi, yon fanmi, osnon yon reprezantan ajans benevòl lan. Sponsor sa-a se li k'ap ede ou rezoud pwoblèm ki pi enpòtan yo tankou jwenn kay,

manje, elatriye. Men, se sou kont ajans lan ou ye, se ajans lan ki reskonsab ou. Kidonk, ajans benevòl lan se premye "sponsor" ou.

d. Lè ou rive

Lè ou antre nan peyi Etazini, gen yon reprezantan ajans benevòl lan k'ap rankontre ou nan aewopò epi l'ap akonpaye ou nan ladwann. Ouap pase nan yon enspeksyon ladwann epi imigrasyon(INS) ap pèmèt ou antre nan peyi-a. Si ou ta gen yon lòt destinasyon nan peyi Etazini, reprezantan ajans lan ap ede ou pran avyon k'ap mennen ou nan destinasyon final ou. Lè ou rive nan destinasyon final sa-a, yon reprezantan ajans benevòl lan, yon zanmi, yon fanmi, osnon yon volontè ap mennen ou nan kay kote ou pral abite an.

Ajans lan kapab loje ou nan yon apatman osnon yon chanm kay yo te prepare pou ou. Konsa tou, ou ka oblije pase yon ti tan nan yon otèl ki pa twò chè osnon ak yon lòt fanmi refijye, kay yon fanmi, zanmi osnon kèk lòt kay nan kominote an. Kantite tan ou ka pase ap depann sou dilijans ou fè pou ou jwenn travay.

Pou ede ou tabli nan peyi Etazini, reprezantan ajans benevòl lan, zanmi, fanmi ak volontè yo ap ba ou tout asistans ou bezwen pou degaje ou kote ou rete an. Konsa tou yo kapab ede :

1. chèche kay.

2. fè aplikasyon pou kat sosyal sekirite. Ou dwe gen prèv ou fè aplikasyon pou kat sa-a lè ouap chèche travay.

3. depanse lajan ou byen sere-li pou li pa gaspiye.

4. aprann sèvi ak sistèm transpò piblik lan tankou otobis ak tren epi tou aprann ou tout wout pou ale nenpòt kote ou vle epi pou tounen lakay ou san pwoblèm.

5. konprann lwa ak tradisyon peyi isit.

6. enskri pitit ou lekòl.

7. chèche travay oubyen ba ou bon jan konsèy pou jwenn travay.

8. chèche konnen tout sèvis ou ta ka bezwen nan zòn kote ou rete an osnon yo kapab:

• refere oubyen mennen ou nan yon klinik medikal pou ou fè yon konsiltasyon. Ou ka oblije fè yon konsiltasyon jeneral apre ou fin rive nan peyi Etazini paske ou ka bezwen yon sètifika ki deklare ou an sante, pou prezante kote ou jwenn travay lan, nan nenpòt lekòl, osnon nan anpil ajans sèvis sosyal.

• ede ou jwenn pwogram pou aprann pale angle, gratis osnon prive, konsa tou yo kapab dakò ba ou leson.

Yo kapab pran tan yo pou montre ou kouman kay ou divize, kouman tout aparèy lakay ou mache, epi kisa ki gen danje. Moun sa yo kapab vizite ou pou reponn kesyon ou ka genyen, osnon pou ede ou entegre nan kominote kote ouap viv lan.

Si ou ta gen yon pwoblèm ki pa ka rezoud, premye bagay pou ou fè se pale ak fanmi, zanmi osnon volontè k'ap ede ou yo. Si moun sa yo pa kapab ede, kontakte yon reprezantan ajans benevòl ki nan rejyon ou rete an. Si sa pa mache toujou, kontakte biwo nasyonal ajans benevòl.

Gen ajans sèvis sosyal ki lokalize nan kominote kote ouap viv lan tou ki kapab ede ou. Ajans sèvis sosyal sa yo pa gen okenn rapò ak ajans nasyonal ki okipe zafè refijye. Ajans sèvis sosyal sa-yo la pou ede tout moun ki rete nan zòn nan, epi yo kapab ede refijye tou.

Kelkilanswa kantite asistans yon ajans benevòl kapab bay, li enpòtan anpil pou ou byen konprann ke se ou menm ki reskonsab pou tabli kòrekteman nan peyi Etazini. Se ou ki pral oblije fè tout dilijans pou rekòmanse vi ou isit. Nan sans sa-a, sa ou plante, se li ouap rekòlte.

3. ESTATI LEGAL

a. Refijye

Lè ou rantre nan peyi Etazini, yo pèmèt ou rantre nan peyi a sou baz estati refijye. Sèvis Imigrasyon ak Natiralizasyon (INS) mete yon so espesyal sou yon ti kat ki rele "I-94." Ti kat sa-a, se li ki otorize ou rete nan peyi Etazini epi se li ki ba ou dwa pou ou travay tou. Ti kat sa-a se yon dokiman ki gen anpil enpòtans pou ou jouk ou vin gen rezidans nan peyi Etazini. Ou dwe pwoteje ti kat sa-a tout jan ou kapab, pa egzanp, ou ta kapab fè yon kopi epi sere li pou jou ou ta bezwen sèvi avèk li. Konsa, si ti kat la pèdi, ouap gen tout enfòmasyon ou bezwen pou ou voye mande yon lòt. Ti kat la gen nimewo alyenn kat ou sou li; nimewo alyenn kat la se uit chif ki gen yon A devan yo. Se sou baz nimewo alyenn kat ou Sèvis Imigrasyon ak Natiralizasyon (INS) klase dosye imigrasyon pa ou.

Men kèk enfòmasyon ou dwe genyen sou estati refije an:

1. Tout refijye legal nan peyi Etazini e yo kapab kenbe estati refijye an pou kantite tan yo vle. Men, tout refijye gen yon chans pou yo vin gen rezidans nan peyi Etazini nòmalman depi y'ap viv isit plis pase yon ane epi tou depi yo pa janm vyole lwa peyi an.

2. Tout refijye gen dwa vwayaje pou yo ale nan nenpòt lòt peyi, men, fòk yo gen pèmisyon pou yo deplase. Pèmisyon sa-a rele Dokiman Vwayaj pou Refijye. Se nan Sèvis Imigrasyon ak Natiralizasyon (INS) ou kapab jwenn dokiman sa-a; fòk ou fè yon aplikasyon epi fòk ou peye yon ti kòb tou. Men, ou pap jwenn repons lan twò vit. Tout refijye ki ta vle vwayaje ta dwe kontakte ajans benevòl yo anvan yo prepare vwayaj lan paske gen anpil règleman ki ka anpeche ou pati. Pa egzanp, ou pap kapab vwayaje nan peyi natif natal ou paske se ta yon kontradiksyon ak estati refijye ou mande an. Epi tou, gouvènman peyi Etazini ta kapab di ou abandone estati refijye an epi li pa otorize ou tounen nan peyi an. Peyi natif natal ou an gen dwa pa ba ou viza pou tounen nan

peyi Etazini tou. Fòk ou pa bliye ouap bezwen yon viza antre pou vwayaje nan anpil peyi epi peyi sa yo gen dwa pa ba ou viza non plis. Kontakte ajans benevòl lan pou li ede ou ak tout papye ou ka bezwen pou jwenn Dokiman Vwayaj Refijye an nan imigrasyon.

3. Tout refijye gen dwa mande yon viza pou madanm osnon mari yo, ansanm ak tout pitit minè yo pou yo kapab vin jwenn yo nan peyi Etazini. Kalite aplikasyon sa-a rele "Visas-93" osnon Viza-93.

Kalite aplikasyon sa-a enpòtan anpil pou tout refijye, kidonk, n'ap pran yon ti tan pou esplike li nan seksyon sa-a.

b. VISAS-93

Aplikasyon pou madanm, mari osnon ti moun minè, dapre seksyon 207 (c) (2) nan lwa ki te pase sou refijye nan ane 1980.

Gouvènman peyi Etazini rekonèt anpil refijye oblije kite madanm/mari yo ansanm ak pitit yo dèyè nan kouri kite peyi natif natal yo.

Se poutèt sa gen lwa ki fasilite yo voye chèche madanm/mari ansanm ak pitit yo lè yo fin rive isit.

Tout refijye, kelkilanswa peyi yo soti, osnon kote y'ap viv, ki gen madanm/mari ansanm ak ti moun minè yo kite dèye, dwe notifye ajans benevòl lan vit e prese pou ajans lan kapab ede yo fè yon aplikasyon Viza-93 pou moun ki rete dèyè yo.

Viza-93 lan otorize madanm/mari ansanm ak ti moun minè yon refijye rantre nan peyi Etazini. Men kalite viza sa-a pa garanti y'ap jwenn yon viza pou yo pati kite peyi kote y'ap viv lan.

Tout refijye gen dwa aplike pou yon Viza-93 lè yo fin rantre nan peyi Etazini si yo te marye anvan yo te rantre nan peyi a kòm refijye. Tout refijye ki fè aplikasyon sa-a dwe enfòme ajans benevòl yo si yo chanje kay/adrès jouk tout fanmi an reyini.

Tout moun ki antre nan peyi Etazini sou baz aplikasyon Viza-93 lan ap gen estati refijye an tou.

21

c. Rezidans

Dokiman I-551—Tout refijye ki pase yon ane ap viv nan peyi Etazini kapab aplike pou yo gen rezidans. Gen yon aplikasyon espesyal ki dwe fèt nan Imigrasyon, e li gratis. Aplikasyon sa-a dwe fèt nan biwo imigrasyon ki reskonsab zòn kote ou rete an. Lè ou fin fè aplikasyon sa-a, ou vin ajiste estati ou nan peyi an epi yo ba ou yon dokiman tou nèf ki rele I-551. Dokiman sa-a se yon ti kat ki gen foto sou li e ki kouvri ak plastik. Sa pa gen lontan kat sa-a te vèt, se sa ki fè yo te rele li "grin kat" osnon "green card".

Ou pap gen rezidans lan otomatikman men ajans benevòl yo kapab ede ou ak tout aplikasyon ki nesesè yo. Ajans benevòl sa yo abitye travay ak imigrasyon, kidonk yo deja konnen tout sa imigrasyon ap mande konsa yo evite tout kalite pwoblèm.

Men kèk enfòmasyon ou dwe genyen sou kesyon rezidans:

1. Yo konsidere tout etranje ki rezidan legal nan peyi Etazini kòm moun ki gen rezidans. Moun sa yo gen dwa pase tout vi yo nan peyi Etazini san yo pa janm natiralize osnon vin sitwayen ameriken.

2. Tout etranje ki gen rezidans kapab antre nan lame ameriken.

3. Tout moun ki gen rezidans nan peyi Etazini kapab vwayaje, ale nan nenpòt peyi nòmalman, men yo dwe mande imigrasyon yon pèmi pou yo tounen ki rele "Re-entry Permit". Pèmi sa-a bon pou 2 zan e fòk ou peye Sèvis Imigrasyon ak Natiralizasyon (INS) pou li regle kesyon sa-a pou ou. Pa bliye, ou ka bezwen yon viza pou antre nan peyi ou pral vizite an. Si ou pral vizite Kanada ak Meksik, ou pa bezwen viza, se kat rezidans lan sèlman ou bezwen.

4. Moun ki gen rezidans nan peyi Etazini gen dwa fè aplikasyon/demann pou madanm/mari yo ansanm ak tout pitit yo. Pitit yo kapab gen nenpòt laj, men fòk yo pa marye. Depi imagrasyon aksepte aplikasyon/demann sa-a, madanm/mari ansanm ak tout pitit ou yo vin tonbe nan yon kategori espesyal nan lwa imigrasyon peyi Etazini ki rele "second preference". Kategori espesyal sa-a pèmèt madanm' mari ansanm ak tout pitit

ou antre isit ak tout rezidans yo. Kantite viza imigrasyon bay moun ki nan kategori sa-a pa anpil, e sa ka pran anpil tan pou fè moun yo antre isit.

d. Sitwayen

Pou yon moun vin sitwayen ameriken, se yon privilèj; se pa yon dwa osnon yon obligasyon. Tout refijye kapab aplike pou yo vin sitwayen ameriken apre yo pase senk (5) ane ap viv nan peyi Etazini. Men sa yo mande pou yon moun vin sitwayen:

1. fòk ou te gen rezidans.

2. fòk ou pase 30 mwa nan peyi Etazini san ou pa pase plis pase sis (6) mwa deyò. (Si ou ta vle pase plis pase 6 mwa deyò, pran konsèy nan men yon reprezantan ajans benevòl lan pou kapab konnen si sa kapab bay pwoblèm si ou ta vle natiralize).

3. fòk yo pa janm jije ou koupab pou okenn gwo krim.

4. fòk ou pat janm yon manm pati kominis lan.

5. fòk ou gen ti konesans sou istwa peyi Etazini ansanm ak gouvènman li.

6. fòk ou kapab degaje ou nan lang angle a, sa vle di, fòk ou kapab pale, li ak ekri li.

7. fòk ou pwòp devan lasosyete.

8. fòk ou te fè o mwens 6 mwa nan eta kote ou fè aplikasyon an.

Se Sèvis Imigrasyon ak Natiralizasyon ki okipe kesyon sitwayennte. Apre ou fin depoze aplikasyon an, gen yon ofisye imigrasyon ki fè yon ti entèvyou avèk ou pou yo pran yon desizyon sou aplikasyon ou lan. Nan entèvyou sa-a, yo mande ou pou fè sèman devan letènèl. Pa bliye, pou tout enfòmasyon ou ta bezwen sou kesyon sitwayennte, ou kapab kontakete imigrasyon osnon ajans benevòl lan. Pa bliye tou, ouap oblije peye imigrasyon pou tout demach ki gen rapò ak sitwayennte ameriken.

Tout sitwayen ki natiralize gen anpil dwa ak anpil privilèj tou.

Pa egzanp, yon sitwayen ameriken gen dwa genyen yon paspò ameriken. Men, fòk ou pa bliye ou kapab bezwen yon viza pou vwayaje nan kèk peyi. Yon sitwayen ameriken gen dwa vote, epi tou li ka fè aplikasyon pou fè manman, papa, frè, sè, pitit ki marye osnon ki gen nenpòt laj, antre isit. Pou tout enfòmasyon sou kalite viza sa yo, kontakte Sèvis Imigrasyon ak Natiralizasyon.

4. KÈK ENFÒMASYON MOUN MAL KONPRANN

Lè ou fèk rive nan peyi Etazini, premye jou yo enpòtan e yo kapab difisil anpil. Malgre tout pawòl ou tande sou jan moun nan peyi Etazini ap viv, reyalite peyi an kapab diferan anpil. Kidonk, ou gen dwa pa reyalize tout sa ou te espere paske ou te espere twòp bagay. Sa se yon pwoblèm anpil refijye genyen e sa ka lakòz yo pa janm adapte yo nan peyi Etazini.

Yon refijye pa dwe kwè ajans benevòl yo pral ba yo manje, kay, ak tout kalite lòt asistans a "vitam etènam". Yon refijye pa dwe kwè non plis ke premye travay li jwenn pral peye anpil osnon pral yon travay ki gen rapò ak sa li te etidye lekòl. Yon refijye pa dwe kwè ajans benevòl lan pral reskonsab peye lekòl li, ni kontinye ba li lajan si li kapab travay.

Men yon lis bagay ki konn dekouraje anpil refijye paske yo pa fin konprann yo twòp. Li ta bon anpil pou tout refijye konnen bagay sa yo e li ta bon tou pou yo sonje se ak pasyans anpil pwoblèm rezoud.

1. Anpil refijye kwè se paske yon ajans benevòl te fè tout demach pou yo antre, kidonk se sou kont ajans lan y'ap toujou rete. Sa pa janm vre e se yon bagay anpil refijye pa konprann. Tout refijye ki fè aplikasyon pou yo antre isit, chwazi vin viv isit e yo reskonsab tèt yo. Ajans benevòl yo bay kout men nan demach yo, ak aplikasyon an epi li kontinye ede ou lè ou fèk rive. Men, ajans benevòl yo pa gen reskonsablite fè refijye antre nan peyi Etazini. Tout refijye oblije gen pèmisyon pou yo antre, yo prete

lajan pou yo vwayaje epi se gouvènman ameriken an ki bay pèmisyon pou yo rete.

2. Lè yon refijye fèk rive nan peyi Etazini, li ka gen enpresyon li pap janm kapab adapte li nan peyi Etazini osnon li ka dekouraje si li santi li pa fè pwogrè rapido presto. Gen anpil refijye ki gen pwoblèm sa-a, e si sa ta rive ou, li ta bon pou ou chèche konsèy nan ajans benevòl lan. Men, fòk ou konprann byen li pa toujou fasil pou yo ni voye-w-tonen nan peyi-ou nivoye-w nan yon lòt peyi kote ou ta vle genyen azil. Si ou ta vle deplase, sa pral depann sou mwayen ou ansanm ak lwa imigrasyon lòt peyi kote ou ta renmen ale an. Ajans benevòl yo pa kapab fè kalite damach sa yo. Si yon refijye ta vle tounen nan peyi-li, fòk li ta fè yon demann espesyal nan biwo ki okipe kesyon refijye pou nasyonzini ki rele United Nations High Commissioner for Refugees (UNHCR).

3. Si yon refijye chwazi deplase pou li ale viv nan yon lòt eta/zòn nan peyi Etazini, ajans benevòl lan pa oblije kontinye ede li. Menm si yon refijye ta fin deplase epi li retounen, ajans benevòl ki nan eta/zòn nan pa oblije ede li. Li nan enterè ou pou bay ajans benevòl lan tout enfòmasyon k'ap pèmèt li mete ou pre fanmi ou anvan ou rive isit. Si ou gen fanmi ak zanmi k'ap viv nan peyi Etazini, ajans benevòl lan ap eseye enstale ou pre yo.

4. Ajans benevòl yo pa gen lajan pou yo peye lekòl ou. (Li chapit sou lekòl pou granmoun)

5. Anpil refijye kwè swen medikal nan peyi Etazini gratis. Se pa vre. Ou kapab achte yon asirans maladi pou kont ou osnon ansanm ak konpayi kote ou travay lan, si ouap travay. Ou kapab chèche plis konsèy sou kesyon asirans maladi nan Ajans benevòl lan osnon nan men fanmi, zanmi ak nenpòt ofisyèl sante piblik. (Li chapit 5)

6. Anpil refijye panse volontè k'ap ede nan ajans benevòl yo touche pou travay yo fè an. Se pa vre. Tout moun osnon tout gwoup k'ap ede refijye, se moun k'ap ede paske yo gen bon kè.

7. Tout refijye k'ap viv nan peyi Etazini dwe obeyi lalwa nan peyi an. Se ou menm sèlman ki reskonsab tout dèt ou fè. Se menm jan an, si ou ta tonbe nan aktivite kriminèl, se ou menm sèlman k'ap reskonsab devan lalwa.

5. ADAPTASYON ETRANJE NAN PEYI ETAZINI

Nenpòt moun ki pral viv nan yon peyi etranje pral travèse yon seri chòk lè li fèk rive nan peyi sa-a. Chòk sa yo se nenpòt bagay ki ka fè yon moun santi li pa ka fè anyen devan yon sitiyasyon osnon devan nenpòt sitiyasyon ki kapab nève li. Nan peyi Etazini yo rele chòk sa yo "culture shock". Lè yon moun ap viv nan yon peyi epi ou pa ni pale lang peyi an ni konprann kilti pèp peyi a, sa ka fè ou santi ou pa konprann sa k'ap pase e ou pa kapab okipe zafè ou kòrekteman.

Anplis de sa, diferans ki genyen nan jan ou te viv nan peyi ou ak jan pèp peyi etranje sa-a ap viv kapab lakòz chòk sa yo. Epi tou, si ou pat janm depann sou pèsonn pou regle tout zafè, sa kapab anbete ou tou.

Men kèk sitiyasyon ki kapab fè ou santi ou nève paske ou pa regle zafè ou pou kont ou: ale nan mache, sèvi ak mwayen transpòtasyon yo, konprann tout sa ki make nan pankat ki nan lari yo, ak sèvi ak telefòn piblik yo. Lòt sitiyasyon ki kapab fè ou santi ou nève tou se diferans ki kapab genyen nan wòl ak reskonsablite fanm ak gason avèk diferans ki genyen nan jan yo trete moun ki soti nan lòt peyi.

Men, si ou pa jennen pale ak fanmi, ak zanmi, si ou pa kapab di yo sa ou santi ak kouman ouap boule nan peyi etranje an, sa kapab lakòz ou vin pi anbete. Si ou pa gen fanmi ak zanmi k'ap viv nan peyi an menm, sa ka pi rèd.

Gen de fwa, pwoblèm sa yo kapab vin twòp pou ou. Men si ou konnen kouman pou ou degaje ou, sa kapab fè anpil diferans. Si ou ta gen pwoblèm, eseye swiv ti konsèy sa yo.

1. Pa kite pèsonn fè ou jennen pale angle.

2. Eseye aprann angle epi pale angle nan tout okazyon ou jwenn.

3. Eseye fè kèk zanmi ameriken epi fè ti soti ak yo detanzantan.

4. Eseye fè plis eksperyans avèk ameriken, eseye viv menm jan avèk yo pou ou kapab konprann abitid yo pi byen.

5. Gade televizyon epi fè ti diskisyon sou pwogram yo ak ameriken ou konnen pou yo kapab esplike ou kouman televizyon nan peyi Etazini se yon pòtre jan anpil ameriken viv.

6. Enskri nan kou angle epi eseye fè lòt zanmi pou ou kapab fè ti diskisyon epi pale ti pwoblèm ou.

7. Patisipe nan yon òganizasyon ki gen moun ki soti nan menm peyi avèk ou. Yo ankouraje tout moun kenbe eritay yo Nan peyi Etazini, e gen anpil òganizasyon ki sèvi moun ki soti nan menm peyi avèk ou. Yo gen tout kalite aktivite epi tou yo kapab bay anpil sipò tankou klas angle ak pwogram oryantasyon nan peyi Etazini.

8. Fè menm kalite aktivite ou te konn fè nan peyi ou.

9. Pale ak yon zanmi osnon ak volontè ki travay nan ajans benevòl lan.

10. Pale ak moun nan fanmi souvan. Chak moun nan fanmi ou kapab gen menm ti difikilte pou yo adapte tou. Menm ti moun kapab gen pwoblèm sa yo.

11. Ou kapab santi ou dekouraje, se vre. Men fòk ou gen pasyans paske li pran tan pou vin abitye viv nan yon lòt peyi.

KONKLIZYON

Nou te eseye esplike ki demach yon moun fè pou li vin tabli nan peyi Etazini kòm refijye. Li enpòtan anpil pou tout refijye gen enfòmasyon sa yo pou yo byen konprann demach sa yo. Tout ajans benevòl yo kwè se dwa tout refijye pou yo travay, depi yo kapab, pou yo ka rive byen lwen. Men fòk tout refijye byen konprann yo pap rive lwen imedyatman, kou yo fèk parèt.

Li difisil anpil pou yon moun adapte nan yon lòt peyi. Men, sanble refijye ki gen plis difikilte yo se sa yo ki te espere twòp bagay lè yo fèk rive. Yo kapab dekouraje, yo ka fache, yo ka santi yo tris, paske yo pat jwenn tout sipò yo te kwè yo t'ap jwenn nan osnon paske yo pa jwenn travay nan metye/pwofesyon yo, osnon paske yo pa fin renmen kay kote y'ap viv lan.

Leplisouvan, tout ti pwoblèm sa yo disparèt. Travay, tan ak pasyans fè yo disparèt byen vit. Yon refijye ki byen konprann tout demach pou li vin tabli nan yon lòt peyi, ap kapab konsantre tout jefò li pou li travay pou li kapap reskonsab tèt li epi tou pou li reyalize rèv li.

CHAPIT 2
TRAVAY NAN PEYI ETAZINI

ENTWODIKSYON

Tout refijye k'ap vin rete nan peyi Etazini dwe konnen ameriken se yon pèp debouya e ki pa renmen konte sou pèsonn. Lè ou rive nan peyi Etazini, fòk ou debouye ou pou ou kapab reskonsab tèt ou, pou ou kapab gen endepandans ou. Depi ou kapab travay, fòk ou pran nenpòt travay ou jwenn, menm si li pa peye osnon pa gen okenn rapò ak sa ou te aprann lekòl. Nan peyi Etazini, depi ou kapab travay, fòk ou travay paske pèp ameriken an pap dakò pou moun ki kapab travay rete chita depann sou li.

Gen tout kalite ajans ki la pou ede ou chèche travay. Men, pa gen garanti ouap jwenn travay. Ni gouvènman federal lan, ni ajans benevòl lan, ni moun k'ap ede ou yo pa kapab pwomèt ou travay. Pou ou jwenn travay, sa pral depann sou preparasyon ou genyen ak dilijans ou. Se ou ki pral oblije debouye ou, mete kò ou nan lari an pou chèche travay.

Premye travay ou jwenn nan gen dwa pa nan metye ou osnon nan pwofesyon ou. Men, isit nan peyi Etazini, preske tout moun oblije aksepte fè nenpòt djòb jouk yo jwenn yon travay ki nan metye yo. Sa se yon bagay tout moun respekte. Anplis de sa, lè ou rete fè kèk mwa nan yon travay sa pèmèt ou vin gen referans. Lè ou vin gen referans nan travay isit, sa pèmèt ou jwenn lòt travay pi fasil, depi ou gen preparasyon pou travay lan.

Chak peyi gen fason pa yo nan kesyon travay. Isit, moun akspete pran nenpòt travay lè yo fèk koumanse ap travay. Kidonk, fòk ou aksepte nenpòt travay ou jwenn menm si li pa gen menm enpòtans osnon prestij ak kalite travay ou te konn fè lakay ou. Men, nan peyi isit chaje ak okazyon pou yon moun vanse pou pi devan depi moun nan fè dilijans epi depi li gen preparasyon. Isit, anpil moun rive ak jefò, dilijans ak travay di. Moun ki rive konsa tounen egzanp/modèl pou pèp ameriken an.

Nan peyi Etazini, travay enpòtan anpil. Tout moun travay alawonnbadè, ni fanm, ni gason. Fanm reprezante mwatye fòs travay peyi an e fanm fè tout kalite travay, yo gen nenpòt metye osnon nenpòt pwofesyon yo. Epi tou, ni granmoun, ni ti moun travay. Isit, ti moun yo aprann renmen travay ak endepandans depi yo gen laj pou yo konprann. Pa egzanp, ti moun kapab fè livrezon jounal chak maten, anvan lekòl osnon yo kapab fè lòt ti travay nan apre midi, avèk lè gen vakans. Non sèlman sa fè yo aprann valè travay, sa fè yo aprann pou yo vin endepandan, epi tou sa fè yo aprann kouman pou yo sèvi ak lajan. Lè yon moun koumanse travay depi li piti, li difisil pou li sispann travay e pou li vin depann sou lòt moun lè laj koumanse antre sou li. Nan peyi isit anpil moun pran pansyon yo a 65 an.

1. KI KALITE TRAVAY KI GENYEN

a. Travayè ki pa gen metye

Anpil moun ki fèk koumanse travay osnon ki fèk antre nan mache travay lan aksepte pran nenpòt pozisyon k'ap pèmèt yo aprann. Anpil fwa, gen moun ki lekòl, k'ap aprann yon metye, ki oblije aksepte nenpòt travay jouk yo fini ak lekòl lan. Apre sa, travay sa-a vin tounen yon referans pou yo lè yo jwenn yon travay ki nan metye yo.

Yon moun ki pa konn pale angle kapab travay, men li gen dwa pa kapab jwenn yon pi bon travay. Anpil refijye ak imigran konn pran nenpòt travay ki pa mande preparasyon espesyal pandan y'ap aprann pale angle osnon pandan y'ap aprann yon metye k'ap pèmèt yo jwenn yon bon travay.

Gen travay ki pa mande okenn preparasyon espesyal. Ou kapab jwenn youn ki 8 tè pa jou, konsa tou ou kapab jwenn youn ki 4 trè pa jou sèlman. Kidonk, ou ka oblije fè 2 djòb pou ou kapab kenbe.

Gen anpil travay, tankou nan faktori, ki peye swa pa pyès osnon pou chak inèdtan ou travay.

Travay ki peye pou chak inèdtan—Kalite travay sa yo peye selon kantite lè ou travay. An jeneral, tout moun travay ant 35 a 40 èdtan pa semènn, osnon ant 7 ak 8 èdtan pa jou, nan tout biznis ak tout biwo. Moun ki travay e ki touche pou chak inèdtan dwe touche sa yo rele "overtime". Overtime, se lè ou travay plis pase 8tèdtan nan yon jounen. Dapre jan yo kalkile overtime nan, yo peye ou pou inèdtanedmi pou chak inèdtan ou travay an plis. Men, pou ou touche "overtime" nan, fòk patwon an te mande ou pou rete travay. Si ou rete travay "overtime" paske se ou ki te deside rete san patwon an pat mande ou rete, ou pap touche pou tan sa-a.

Konsa tou, ou kapab nan yon travay kote ou oblije rete fè "overtime" paske se kondisyon travay la. Se vre patwon an ap peye ou an plis pou "overtime" nan men, ou pa gen dwa refize rete travay. Si ou refize rete fè "overtime" menm lè ou konnen se kondisyon travay la, patwon an gen dwa revoke ou.

Kantite lajan ou touche depann de kalite travay la. Gen travay ki peye yon salè minimòm osnon yon ti kòb an plis. Salè minimòm nan se kantite minimòm nenpòt moun ki nan yon travay dwe touche. Se gouvènman federal lan ki fikse salè minimòm nan.

Gen anpil eta nan peyi Etazini ki pase lwa pa yo sou salè minimòm nan paske ouvriye nan eta sa yo kapab touche plis kòb. Ou kapab telefone depatman travay nan eta kote ou rete an pou cheke salè minimòm nan. Gen eksepsyon nan salè minimòm nan si yon moun ap travay yon kote epi kliyan yo gen abitid bay poubwa osnon yon ti diplis. Kidonk, poubwa osnon diplis sa-a vin fè salè moun nan depase salè minimòm nan.

Travay pa pyès—Se nan travay pwodiksyon osnon travay faktori moun touche pa pyès. Kidonk, ouvriye an konnen l'ap touche yon kantite kòb fiks chak semènn. Men li kapab touche pa pyès pou chak grenn pyès li fè an plis. Nan kalite travay sa yo tout ouvriye yo garanti y'ap touche o mwens salè minimòm nan. Men, ouvriye an kapab touche pou chak pyès li pwodui an plis. Kidonk ni ouvriye an ni patwon an tire avantaj li.

b. Travayè ki gen metye

Travayè ki gen yon metye osnon yon travayè ki gen anpil konesans espesyal. Nan kalite travay sa yo, ou dwe kapab pale angle tou. Travayè ki gen metye yo touche plis kòb pase travayè ki pa gen metye yo, e plis yo vin gen eksperyans ak konesans, plis yo touche. Nan peyi Etazini, ou kapab ale lwen nan yon travay ki mande preparasyon espesyal paske ou ka touche plis kòb e ou kapab vin gen plis otorite ak reskonsablite. Gen anpil metye ki pèmèt yon moun fè plis lajan pase anpil pwofesyon. Gen bon jan metye nan tout domèn travay e yo toujou bezwen moun ki gen metye sa yo.

Men, sa pa vle di yon moun kapab gen nenpòt metye san li pa aprann. An jeneral, patwon yo prefere bay yon ouvriye travay yon kote pou li aprann anvan li mete li nan yon travay ki mande plis konesans. Lè yon moun pran nenpòt travay nan metye li, sa pèmèt li aprann pou li vin gen eksperyans ki pral ede li jwenn yon pi bon travay. Moun ki gen yon metye touche plis pase kantite ki fikse nan salè minimòm nan. Yo ka touche chak semènn osnon pou chak inèdtan e yo gen dwa fè overtime.

c. Travayè pwofesyonèl

Nan peyi Etazini, gen anpil règleman nan travay pwofesyonèl tankou, doktè, dantis, avoka.

Yon pwofesyonèl etranje ta dwe:

* gen yon preparasyon akademik ki egal ak preparasyon akademik ameriken ki nan pwofesyon sa yo;

* pase yon egzamen

* fè aplikasyon pou yon lisans nan chak eta kote li vle travay.

Kòm gen anpil egzijans, anpil pwofesyonèl etranje k'ap fè aplikasyon pou yo gen lisans nan peyi Etazini ka bezwen tounen lekòl pou yon ti fòmasyon an plis. Si yon pwofesyonèl bezwen yon ti fòmasyon an plis, se li k'ap peye tout frè yo. Pafwa konn gen kèk bous. Si pa genyen, fòk li chèche prete lajan. Si ou ta

bezwen asistans, fòk ou kontakte inivèsite osnon lèkòl ki enterese ou lan pou gen enfòmasyon.

Gen yon seri travay pwofesyonèl nan biznis, nan bank, nan gouvènman ki pa gen tout règleman sa yo e ki mande pou yon moun gen yon diplòm nan yon inivèsite sèlman. Kidonk anpil pwofesyonèl koumanse kòm senp fonksyonè epi yo vin gen kalifikasyon ki pèmèt yo rive direktè osnon chèf yon sèvis.

Travayè pwofesyonèl touche plis kòb pase nenpòt travayè ki gen metye se vre, men, fòk ou pa bliye gen anpil moun ki gen yon metye ki peye pi byen pase yon pwofesyonèl ki fèk ap derape. Fòk ou konprann tou plis tan ou fè ap travay yon kote, se plis lajan ouap touche. Kidonk, ou gen dwa ap fè menm travay ak yon lòt moun ki touche plis pase ou paske li gen plis tan nan travay la.

Pa bliye, ou dwe konn pale angle si ou se yon pwofesyonèl.

2. KI KALITE PWOTEKSYON OU KA BENEFISYE NAN YON TRAVAY

a. Sekirite Sosyal

Sekirite Sosyal se yon pansyon gouvènman federal lan bay preske tout moun ki te travay nan peyi Etazini. Pansyon sa-a, se tout patwon ak tout travayè ki peye gouvènman federal lan kontribisyon yo. Gouvènman federal lan tire kontribisyon sa-a dirèk nan chèk tout moun k'ap travay yo. Moun ki patwon tèt yo peye kontribisyon pa yo tou, men se yo menm ki gen reskonsablite voye lajan an bay gouvènman federal lan. Tout moun ki peye kontribisyon pou pansyon sa-a kapab pran retrèt yo lè yo gen 65-an e yo kapab koumanse resevwa pansyon yo depi yo fè aplikasyon pou sa. Yon moun gen dwa chwazi pran retrèt lè li gen 62-zan. Men lajan pansyon li touche an ap pi piti. Kantite lajan pansyon yon moun touche depann sou kantite tan moun nan fè ap travay epi kantite kòb li te konn touche. Sekirite Soyal gen yon lòt kalite pwoteksyon li bay moun ki pa kapab kontinye travay, kèlkilenswa

laj li, paske li vin paralize/kokobe osnon paske li vin gaga. Ou kapab kontakte Biwo Sekirite Sosyal nan zòn lakay ou si ou bezwen plis enfòmasyon.

b. Asirans pou chomè

Chak eta nan peyi Etazini gen yon pwogram asirans pou chomè. Asirans sa-a se patwon yo ki peye li. Si yon moun te pase 6 mwa ap travay yon kote epi li pèdi travay la, san se pa fòt li, li gen dwa touche lajan asirans chomè pandan kèk mwa. Men si ou kite yon travay san rezon, osnon yo revoke-an nan yon travay ak rezon, ou pa gen dwa touche asirans chomè.

Tout moun k'ap touche asirans chomè dwe anrejistre nan yon ajans leta ki ede moun chèche travay.

c. Asirans pou aksidan nan travay (Workers' Compensation)

Prèske tout eta nan peyi Etazini gen yon pwogram asirans pou aksidan ki ka rive nan travay yon moun. Asirans sa-a rele Worker's Compensation, men tout travayè pa gen asirans sa-a paske tout patwon pa oblije patisipe nan pwogram nan. Asirans sa-a kontinye peye yon pati nan salè yon travayè ki fè yon aksidan nan travay, ki blese pandan l'ap travay, osnon ki blese nan lokal travay la. Asirans lan peye tout frè doktè ak tout frè lopital tou ki gen rapò ak aksidan sa-a, li peye salè moun nan pandan tout tan li pa kapab travay epi tou li peye travayè-a si li ta kokobe. Se pa tout patwon ki patisipe nan pwogram asirans sa-a. Men yon patwon kapab ofri travayè li yo menm kalite pwoteksyon an nan yon lòt pwogram asirans.

d. Asirans lavi

Gen anpil patwon ki achte asirans lavi pou travayè yo. Patwon an kapab peye yon pati nan asirans lan epi travayè an peye yon pati tou. Asirans lan peye yon travayè ki blese grav nan travay

osnon nenpòt lòt kote, e se fanmi travayè an ki touche lajan asirans lan si travayè an ta mouri.

e. Asirans Sante

Anpil patwon bay travayè yo asirans sante. Travayè an kapab peye yon ti kraze kòb, osnon li gen dwa pa peye anyen di tou. Men se pa tout patwon ki bay asirans sante. Preske tout pwogram asirans sante pèmèt yon travayè ajoute fanmi li nan asirans lan, men fòk travayè an peye pou sa. Pwoteksyon yon moun chwazi depann sou kalite asirans lan paske yo varye.

f. Pansyon

Ni patwon ni travayè kontribye nan yon pwogram pansyon. Travayè an peye yon kantite kòb, konsa tou patwon an peye yon kantite kòb tou. Kòb sa-yo rete ap ogmante pandan moun nan ap travay. Lè travayè an rive nan yon laj kote li twò granmoun pou li travay, li ka koumanse touche lajan sa-a chak mwa. Men fòk yon moun te pase kèk ane ap travay yon kote pou li kapab gen pansyon.

g. Konje Maladi

Preske tout moun ki travay 40 èdtan pa semèn gen konje maladi. Konje maladi pa vle di menm bagay pou tout patwon. Gen patwon ki pa peye konje maladi.

h. Vakans

Vakans se yon konje ou pran nan travay pou ou ale pran plezi ou. Preske tout travayè vin gen yon jou vakans pa mwa, menm jan yo gen yon jou konje maladi chak mwa. Gen anpil patwon ki peye travayè yo pou tout jou vakans yo, konsa gen patwon ki pa peye jou vakans. Anvan yon travayè pran jou vakans, fòk li mande pèmisyon. Fòk ou gen o mwens 6 mwa osnon yon ane nan yon travay anvan ou kapab gen jou vakans.

3. SALÈ AK KONTRIBISYON

a. Salè

Nan sèten ka, si yon moun ap travay nan yon ti konpayi, patwon an kapab peye li lajan kach. Men, an jeneral, tout patwon peye travayè yo ak chèk. Si patwon an peye ak lajan kach, fòk li ba ou yon papye ki detaye ki kantite lajan li retire sou chèk ou. Si patwon an peye ak yon chèk, l'ap kapab kenbe souchèk lan kote tout kontribisyon yo detaye. Souchèk la ap gen kantite kòb ou touche anvan ou peye taks, apre ou fin peye taks, ansanm ak tout lòt kontribisyon.

Kantite lajan yon travay peye rele Gross Pay. Sa vle di se tout kòb ou fè anvan ou peye taks ak lòt kalite kontribisyon.

Kantite lajan ou touche nan yon travay chak fwa yo peye ou rele Net Pay. Sa vle di se kantite lajan ou touche apre ou fin peye taks ak lòt kalite kontribisyon.

b. Kontribisyon

Kontribisyon se tout lajan yo pran sou chèk ou anvan ou touche. Kontribisyon sa yo kapab obligatwa, ki vle di ou oblije peye yo, konsa tou yo kapab volontè, ki vle di ou chwazi peye yo.

Kontribisyon ki obligatwa yo se tout kòb ou oblije peye leta chak fwa ou touche, dapre lalwa peyi Etazini. Men kèk egzanp kontribisyon sa yo:

1. Taks federal (federal income tax)—Tout moun k'ap viv e k'ap travay nan peyi Etazini oblije peye taks federal dapre lalwa. Moun ki pa peye taks federal yo, kapab pran prizon osnon yo ka oblije peye anpil amann. Lajan taks federal yo peye tout frè gouvènman an ansanm avèk tout pwogram federal yo. Se lajan taks federal yo tou ki peye pou defans nasyonal, asistans sosyal ak asistans peyi Etazini bay lòt peyi.

Yo kalkile kantite taks federal chak moun peye dapre kantite kòb li touche. Gen yon dokiman kontribisyon ki rele "W-4" e chak

moun oblije konplete tout enfòmasyon ki sou dokiman sa-a nan chak travay li pase. Dokiman sa-a gen anpil enfòmasyon k'ap pèmèt gouvènman an kalkile pousantay taks chak moun-nan dwe peye dapre prensip lalwa. Gouvènman an kalkile kantite taks ou dwe peye dapre kantite moun ki sou kont ou. Men, ou pa kapab deklare fanmi ak pitit ki pap viv nan peyi Etazini kòm moun ki sou kont ou.

Depi 31 janvye rive, tout patwon oblije voye yon dokiman ki rele "W-2" bay tout travayè. Nan dokiman sa-a, patwon an voye rapòte kantite lajan travayè an te touche pou ane an, ansanm avèk tout kontribisyon li peye. Dokiman sa-a enpòtan anpil, paske li rapòte kantite taks yon travayè peye gouvènman federal lan, e se avèk dokiman sa-a pou li fè aplikasyon pou gouvènman federal lan remèt li tout lajan taks li te peye an plis yo. Aplikasyon sa-a rele "Income Tax Return". Chak ane, anvan dat 15 avril, fòk ou voye li ansanm ak dokiman "W-2" an, bay depatman enpo ak kontribisyon ki se Internal Revenue Service (IRS). Ou kapab jwenn aplikasyon "Income Tax Return" yo nan tout biwo lapòs osnon labank.

Si ou pa peye ase taks paske swa ou te deklare twòp moun sou kont ou osnon pakse patwon an pat pran ase taks sou chèk ou chak fwa ou te touche, ouap oblije peye gouvènman an tout kòb sa. Men, si se ou menm ki te peye twòp taks, gouvènman an ap remèt-on tout kòb sa-a. Gouvènman an gen yon pwogram espesyal pou moun ki pa touche anpil kote li bayo kredi sou taks yo dwe. Lòt bagay gouvènman an konn fè tou se remèt travayè sa yo lajan taks yo, menm si yo pat janm peye taks.

Depatman enpo ak kontribisyon gen anpil biwo lokal. Si ou bezwen yon kout men ak aplikasyon yo osnon si ou gen kesyon sou zafè taks ou, pase nan youn nan biwo lokal depatman an.

2. Taks Sekirite Sosyal osnon "Federal Insurance Contributions Act" (FICA) se yon taks ou peye gouvènman-an dapre yon pousantay kòb ou touche. Se lajan taks sa-a yon travayè touche lè

li pran pansyon. Se lajan taks sa-a tou ki pèmèt yon travayè kontinye touche nòmalman si li pa kapab travay ankò paske li vin malad osnon paske li blese grav.

3. Taks chak eta (state income tax)—Gen anpil eta nan peyi Etazini ki gen sistèm taks pa yo tou. Nan sistèm taks eta yo, se yon pousantay yo pran sou lajan yon travayè touche e pousantay sa-a pi piti pase sa gouvènman federal lan pran. Lajan taks sa-a ede chak eta ak depans yo. Gen anpil lòt eta nan peyi Etazini kote yo pa pran taks sou chèk ou dirèkteman, men yo ranmase lajan taks chak fwa yo bezwen regle yon bagay espesyal.

4. Taks lokal—Ou kapab oblije peye taks lokal nan anpil vil nan peyi Etazini.

Kontribisyon volontè yo se tout kontribisyon yon travayè chwazi peye osnon oblije peye paske li achte yon asirans. Yon travayè kapab peye kontribisyon sa yo chak fwa li touche, sètadi, chak mwa, chak semènn, osnon chak 15 jou. Kontribisyon volontè yo se: asirans maladi, frè sendika, asirans lavi, osnon lajan yon travayè te prete labank. Konsa tou kapab gen lòt kontribisyon pou lòt pwogram, men sa depann sou gwosè konpayi-an.

MEN YON EGZANP PAPYE
"W-2 WAGE AND TAX STATEMENT"

1 Wages, tips, other comp. 20956.34			2 Federal income tax withheld 2436.94		
3 Social Security wages 20956.34			4 Social Security tax withheld 1299.29		
5 Medicare wages and tips 20956.34			6 Medicare tax withheld 303.86		
a Control Number	Dept		Corp.	Employer use only	
c Employer's name, address, and ZIP code THE SHADE DEPT. STORE, INC. 7120 WOODRUFF STREET WHEATON, VA 22502					
b Employer's FED ID number 00-0000000			d Employee's SSA number 123-45-6789		
7 Social Security tips			8 Allocated tips		
9 Advance EIC payment			10 Dependent care benefits		
11 Nonqualified plans			12 Benefits included in Box 1		
13 See Instrs. for Box 13			14 Other		
15 Stat Emp	Deceased	Pension plan	Legal rep	942 emp	Deferred comp
e/f Employee's name, address and ZIP code JOHN T. WALLIS 18714 JAY AVENUE TAKOMA PARK, MA 22502					
16 State VA	Employer's State ID		17 State wages, tips, etc. 20956.34		
18 State income tax 758.42			19 Name of locality		
20 Local wages, tips, etc.			21 Local income tax		

Federal Filing Copy

W–2 **Wage and Tax Statement** **1993**

Copy B to be filed with employee's FEDERAL Income Tax Return.

39

4. POU OU JWENN YON TRAVAY

Chèche travay isit mande tan, pasyans, ansanm ak volonte.

Lè ou koumanse travay nan peyi Etazini, ou vin fè pati fòs travay lan. Sa vle di ou vin nan konpetisyon ak tout chomè k'ap chèche travay yo, ansanm ak tout moun ki deja ap travay, men k'ap chèche yon pi bon travay. Tout moun ki bezwen travay ta renmen jwenn yon bon travay yo gen konpetans pou fè. Yon patwon ap toujou pran travayè ki gen plis konpetans pou travay lan osnon l'ap pran moun li kwè k'ap fè travay la pi byen.

Pou ou kapab fonksyone byen nan mache travay, fòk ou vle travay epi tou fòk ou dakò pou ou pran nenpòt travay ou jwenn.

Men kèk enfòmasyon ou dwe genyen si ou vle jwenn yon travay epi tou si ou vle kenbe yon travay:

• Pa gen moun ki kite travay pou ou isit nan peyi Etazini.

• Ou pral vin nan konpetisyon ak lòt refijye parèy ou ansanm ak ameriken ki pap travay.

• Ap toujou gen plis moun ki pral dèyè pi bon travay yo.

• Ou pap oblije kenbe premye travay ou jwenn nan pou jouk ou sispann travay.

• Nan peyi Etazini, gen anpil metye ou pap kapab fè san ou pa gen yon lisans osnon yon sètifika.

• Si ou te fè yon lisans osnon yon sètifika nan peyi ou, sa pa vle di ou ka sèvi avèk-li isit.

Lè ouap chèche travay, fòk ou konnen ki kote konpetans ou chita. Fòk ou chèche konnen tou si ou gen yon metye ki kapab sèvi nan mache travay ameriken an. Fòk ou pa bliye tou, ameriken pou kont pa yo oblije chanje travay chak fwa mache travay lan mande sa, osnon pou yo pwogrese. Moun chanje travay tout tan paske sa pèmèt yo varye travay y'ap fè, epi tou sa pèmèt yo devlope lòt enterè ak lòt kapasite.

Yon moun k'ap chèche travay dwe gen anpil pasyans, li dwe

fè imajinasyon li travay, epi li dwe dilijan. Si ou pa jwenn yon travay tou suit la menm, ou kapab eseye pran kontak ak patwon an kan menm. Anpil konpayi aksepte moun fè aplikasyon menm si pa gen travay. Yo sere aplikasyon sa yo jouk vin gen travay. Plis aplikasyon ou mache fè, plis ouap gen chans jwenn yon travay. Pa bliye pou ou toujou mache ak kat sekirite sosyal ou osnon yon prèv ou te fè aplikasyon pou li. Fòk ou mache ak ti kat I-94 lan tou paske se li ki pèmi travay ou. Si ou se yon pwofesyonèl, fòk ou mache ak yon "curriculum vitae."

a. Kote Ou Kapab Jwenn Enfomasyon Sou Travay

1. Zanmi ak volontè yo—Yon kontak pèsonèl ap toujou pi bon fason pou gen enfòmasyon sou yon travay. Tout volontè ou rankontre yo kapab ede ou jwenn enfòmasyon sou travay. Zanmi ki t'ap tann ou yo te kapab koumanse chèche enfòmasyon osnon travay pou ou deja. Fòk ou pa ezite mande yo.

2. Ajans benevòl yo—Anpil ajans benevòl gen yon konseye ki ede refijye chèche travay nan zòn yo rete-an. Konseye an konnen mache travay nan zòn nan byen, li gen anpil eksperyans, epi li gen anpil kontak tou. Kidonk, konseye sa-a kapab bay pi bon enfòmasyon tou. Pa bliye konseye an gen anpil kliyan, fòk ou degaje ou pran kontak avèk li epi kenbe kontak la. Konseye an kapab cheke travay pou ou nan zòn ou rete an, osnon nan ajans travay yo.

3. Ajans travay piblik—Chak eta nan peyi Etazini gen yon ajans travay piblik ki chèche travay pou moun gratis. Si ou enskri nan yon ajans piblik, y'ap ba ou tout enfòmasyon sou travay ki gen rapò ak konpetans ou.

4. Ajans travay prive—Ajans travay prive bay menm kalite sèvis ak ajans travay piblik yo. Ajans prive yo travay pou yo fè lajan. Kidonk yo kapab fè ou peye yon pousantay nan salè ou pral touche pa mwa osnon pa ane pou yon travay yo jwenn pou ou. Pafwa se patwon an ki peye pousantay sa-a. Fòk ou chèche

enfòmasyon sou chak kalite ajans anvan ou al enskri paske gen ajans ki pi enterese nan frè ou pral peye an pase yo enterese nan chèche travay pèmanan pou ou. Pa bliye, sa ka pran kèk mwa anvan yon ajans jwenn travay pou ou. Kidonk, ou pa dwe konte sou ajans yo sèlman.

b. Cheche Travay

Youn nan bagay k'ap pi enpòtan pou ou lè ou antre se jwenn travay. Kidonk, men kèk kote ou kapab cheke.

1. Ti anons—Seksyon jounal ki gen ti anons yo kapab gen anpil enfòmasyon sou travay ki gen nan zòn ou rete a. Ou kapab jwenn ti anons sa yo nan dènye paj yon jounal, nan seksyon ki make "Help Wanted" osnon "Employment Opportunities." Travay ki nan ti anons yo klase pa metye epi tou metye yo parèt dapre lòd alfabetik. Ti anons lan dekri travay la, konpetans li mande, ak salè li peye. Ouap jwenn yon adrès osnon yon nimewo telefòn pou kontakte moun ki reskonsab lan. Li ta bon pou ou pran abitid cheke ti anons yo chak jou si ouap chèche travay, e si ou wè yon travay ki enterese ou, rele vit e prese. Si ou tann twòp, gen anpil chans pou yo bay yon lòt moun travay lan deja. Yon lòt kote ou kapab cheke anons pou travay tou se nan jounal kominotè yo.

2. Nan peyi Etazini ou kapab remake yon ti afich ki make "Help Wanted" nan fenèt anpil biznis. Depi ou ta remake afich sa-a, antre pou ou mande enfòmasyon. Menm si ou pa gen konpetans pou travay yo genyen jou sa-a, fè yon aplikasyon. Ka gen travay yon lòt jou. Ou pa bezwen jennen mache fè aplikasyon tout kote. O kontrè, plis aplikasyon ou fè, plis chans ou genyen pou jwenn travay.

3. Paj jòn yo—Gen yon seksyon nan tout liv telefòn ki rele paj jòn. Yo òganize paj jòn yo dapre kategori biznis osnon kategori òganizasyon. Si ou kontakte kèk biznis ki gen travay ki tonbe dirèk nan konpetans ou, ou ka byen jwenn yon travay osnon ou ka jwenn enfòmasyon sou posibilite travay.

42

4. Jounal ak Revi Pwofesyonèl—Si ou se yon pwofesyonèl, gen anpil jounal ak revi pwofesyonèl ki mete non, adrès ak deskripsyon tout enstitisyon/tout biznis ki gen rapò ak pwofesyon ou. Ou kapab jwenn jounal ak revi sa yo nan tout bibliyotèk piblik osnon bibliyotèk inivèsite. Si ou ekri enstitisyon sa-yo, non sèlman ou ta kapab jwenn yon travay, men tou ouap gen plis enfòmasyon sou mache travay la nan pwofesyon ou.

c. Curriculum Vitae

Yon pwofesyonèl k'ap fè yon aplikasyon pou travay yon kote dwe prepare yon curriculum vitae. Curriculum vitae sa-a dwe byen prezante, li pa dwe gen fot gramè, ni fot ekriti ak ponktyasyon. Li ta bon tou pou li pa depase yon paj.

Gen anpil moun ki pi abitye ak sa ki rele yon "Resume". Prezantasyon yon "resume" kapab varye dapre gou pèsonèl osnon pwofesyon moun ki ekri li an. Yon "resume" dwe gen seksyon sa yo:

1. Enfòmasyon pèsonèl—Non, adrès, ak nimewo telefòn ou.

2. Eksperyans travay—Nan seksyon sa-a, ou dwe mete tout kote ou janm travay nan vi ou, koumanse ak travay ou genyen kounyè an epi pou fè bak jouk ou fini ak premye kote ou te travay lan. Fòk ou make non ak adrès chak konpayi/biznis; fòk ou dekri reskonsablite travay la; epi fòk ou mete dat ou te koumanse ansanm ak dat ou kite travay la. Moun k'ap chèche travay epi ki pa gen okenn eksperyans travay dwe mete lòt enfòmasyon sou "resume" an ki gen rapò ak travay. Pa egzanp, si ou patisipe nan òganizasyon ak pwojè, si ou pibliye dokiman, si ou resevwa kèk mansyon lekòl paske ou te travay byen. Si ou te pase nan yon lòt peyi, ou ta dwe mete nenpòt travay ou t'ap fè tou.

3. Edikasyon ak fòmasyon—Nan seksyon sa-a tou ou ta dwe mete non tout lekòl ou pase, koumanse ak jaden danfan jouk ou rive nan pi gwo klas ou te fè. Fòk ou mete non chak lekòl, matyè ou etidye, konbyen ane ou pase nan chak lekòl, epi ki diplòm

osnon sètifika ou te resevwa. Se nan seksyon sa-a ou dwe esplike konpetans ou pou travay la.

4. Lòt kalite enfòmasyon—Nan seksyon sa-a ou ka mete lòt kalite enfòmasyon ki kapab gen rapò ak travay ouap cheke an. Pa egzanp, ou ka mete si ou patisipe nan yon klib osnon yon òganizasyon; ki lang ou pale; avèk kapasite ou pou fè lòt bagay tankou tape, reparasyon motè, kouti, elatriye...

5. Referans pèsonèl—Nan seksyon sa-a ou dwe mete non ak adrès kèk moun ki konnen ou byen e ki konnen konpetans ou pou travay ouap cheke an. Menm moun sa yo kapab ba ou yon referans ki kapab sèvi kòm prèv ou se yon sitwayen modèl. Pa egzanp, ou kapab mete non reprezantan ajans benevòl lan osnon non youn nan volontè yo.

Si ou vle poste "resume" an bay yon konpayi anvan yo rele pou yon entèvyou, fòk ou ekri yon lèt pou akonpaye li. Nan lèt sa-a ou dwe pwofite prezante tèt ou, esplike rezon ki fè ou ekri konpayi sa-a, epi ou dwe voye nenpòt lòt bagay ki enpòtan tou.

Lèt la pa dwe depase yon paj epi li dwe:

*tape nan machin, li dwe pwòp, e li pa dwe gen okenn fòt

*adrese yon moun presi

*esplike ki pòs ou ta renmen, ak rezon ki fè ou kontakte konpayi sa-a

*ekri ak yon langaj klè, li dwe kout, epi li dwe sanble yon lèt pwofesyonèl

*akonpaye "resume" an.

Men kèk egzanp k'ap pèmèt ou konprann pi byen kouman pou prepare lèt la ansanm ak "resume" an.

Pa bliye, lèt sa-a se yon egzanp. Ou kapab ajoute enfòmasyon ki enpòtan tou. Men, pa fè lèt la twò long e li dwe pwòp.

SAMPLE COVER LETTER/ MEN EGZANP YON LÈT

[Date]

Mr. John Jones, Director
Edison Electric Company
954 Atlantic Avenue
Chicago, Illinois 60021

Dear Mr. Jones:

I have read in today's issue of the Chicago Times that there is a position available with your company for an electrical engineer. I would like to be considered for this position and therefore attach a copy of my résumé.

If you should require additional information regarding my education, work experience, or personal situation, I will be more than happy to provide this.

I am looking forward to your earliest reply.

Sincerely yours,

[Name]
[Address]

Enclosure

Dat

M. John Jones, Direktè
Edison Electric Company
954 Atlantic Avenue
Chicago, Illinois 60021

Direktè Jones:

Jounal Chicago Times (dat la) anonse konpayi ou an ap chèche yon enjenyè elektrik. Mwen ta vle pwofite okazyon lèt sa-a pou mwen tou voye yon "resume" ki detaye eksperyans mwen ak konesans mwen pou pòs sa-a.

Si ou ta bezwen lòt enfòmasyon sou fòmasyon mwen, eksperyans mwen osnon sitiyasyon pèsonèl mwen, m'ap twò kontan rankontre avèk ou. Mwen remèsye ou davans e mwen espere n'a gen okazyon rankontre.

Mwen salye ou ak respè,

Non ou
adrès ou

[Mete resume ou avec lèt la]

SAMPLE RESUME

Jean-Jacques André
544 Woodside Avenue
Chicago, Illinois 60653
(312) 667-6969

Job Objective	To be employed in the field of electrical engineering and eventually specialize in network analysis.
Education	The State University of Haiti, Port-au-Prince, Haiti M.A. Electrical Engineering, June 1979
Experience	Engineer in Electric Company of Haiti, Port-au-Prince, Haiti, 1981-1990. Responsible for load-leveling control. Professor in the State University of Haiti, Port-au-Prince, Haiti, 1979-1990. Science Department.
Publications	*The State University of Haiti Review* No. 54, 1981: "Hydroelectric Plant Efficiency Study."
References	Dr. Frank Jones, Chairman Department of Engineering State University of Haiti Port-au-Prince, Haiti (509) 22-1234 Mr. John Smith, sponsor (416) 318-9711
Languages	Haitian Creole and French (fluent speaking, reading, and writing ability) English and Spanish (basic speaking and reading ability)
Personal Information	Date of birth 20 May 1955, Port-au-Prince, Haiti Married, 2 children Entered the United States 1 February 1993 No restrictions on employment

Chapit 2

MEN EGZANP YON "RESUME"

Jean-Jacques André
544 Woodside Avenue
Chicago, Illinois 60653
(312) 667-6969

Objektif:	Yon pòs nan yon konpayi ki espesyalize nan analiz rezo elektrik.
Edikasyon:	Inivèsite Deta Dayiti, Pòtooprens, Ayiti Diplòm/lisans nan Jeni Elektrik, Jen 1979
Eksperyans:	Enjenyè nan Elektrisite Dayiti, Pòtoprens, Ayiti, 1981-1990. Reskonsab kontwòl kouran elektrik. Pwofesè nan Inivèsite Deta Dayiti, Pòtoprens, Ayiti, 1979-1990. Fakilte Syans.
Piblikasyon:	*Revi Inivèsite Deta Dayiti* No. 54, 1981: Yon etid sou efikasite izin idroelektrik.
Referans:	Dr. Frank Jones, Dwayen Fakilte Jeni Inivèsite Deta Dayiti Pòtoprens, Ayiti (509) 22-1234 Mr. John Smith, "sponsor" (416) 318-9711
Lang:	Mwen pale, li, ekri, kreyòl ak franse Mwen debouye mwen pale ak li angle ak panyòl
Enfòmasyon pèsonèl:	Dat nesans 20 me 1955, Pòtoprens, Ayiti Mwen marye e mwen genyen 2 pitit Mwen antre nan peyi Etazini 1 fevriye 1993 Mwen gen pèmi travay

5. CHANJMAN TRAVAY

Travay se pral kle siksè ou nan sosyete ameriken an. Lè ou fin jwenn yon travay, li enpòtan anpil pou ou chèche kenbe li. Premye travay ou jwenn nan peyi Etazini, pral tabli dosye osnon istwa travay ou. Patwon yo pa fin enterese bay yon travayè anpil fòmasyon pou yon travay si travayè sa-a pap rete nan travay lan pou lontan. Kidonk, eseye pase o mwens yon 6 mwa nan premye travay-ou, paske sa va tabli repitasyon ou kòm moun serye osnon yon moun yo kapab depann sou li. Pi devan, sa va ede ou fè plis pwogrè nan lòt travay ou jwenn.

a. Konpòtman ou nan yon Travay

Si ou vle kenbe yon travay ou dwe konnen sa yon patwon ap chèche nan yon travayè.

1. Rive nan travay a lè. Si ou oblije rive nan travay an reta, fòk ou telefone sipèvizè travay lan. Gen anpil biznis ki sèvi ak yon gwo revèy ki anrejistre antre soti tout moun nan travay. Yon travayè ki rive an reta souvan kapab pèdi travay li osnon li kapab pèdi nan salè li. Gen sèten konpayi ki koupe mwatye nan salè yon travayè pou chak 15 minit reta.

2. Pa kite pwoblèm pèsonèl anpeche ou travay; fè atansyon pou ou pa regle zafè ou nan lè travay la.

3. Pa jenmen poze kesyon si ou pa konnen yon bagay.

4. Pran inisyativ aprann lòt bagay pou ou ka vin gen lòt reskonsablite.

5. Boule ak tout moun ak respè. Pa derespekte moun.

Patwon respekte e rekonpanse travayè ki gen konpetans e ki pa pè travay.

b. Kouman Pou Ou Vanse Nan Yon Travay

Nan peyi Etazini, se tout tan moun ap eseye jwenn yon travay ki pi bon e ki peye plis kòb tou. Se yon bagay nòmal. Ou menm

tou ou kapab veye travay ki peye plis kòb osnon ou ka eseye vanse nan yon konpayi si ou veye okazyon pou ou chanje pòs. Pafwa ou ka oblije deplase al viv nan yon lòt vil si ou jwenn yon pi bon pòs nan yon lòt konpayi. Men, pa janm kite yon travay san ou pa ko jwenn yon lòt.

Gen lòt jan pou yon travayè vanse nan yon konpayi. Gen kote yo evalye yon travayè regilyèman pou wè si li merite vanse, osnon si li merite plis kòb.

Yon travayè kapab vanse tou si li chanje pòs nan yon konpayi, men travayè an kapab bezwen yon ti fòmasyon an plis. Nan peyi Etazini, gen anpil lekòl ki bay tout travayè plis fòmasyon, depi sa enterese yo. Travayè an te mèt yon granmoun osnon yon refijye.

c. Chanje Travay

Nan peyi Etazini, li nòmal pou yon moun chanje travay si li vle vanse. Fòs travay lan fè anpil mouvman; li chanje travay anpil, epi tou li deplase anpil tou. Ou menm ki fèk rive isit, li enpòtan pou ou konprann sa pou ou kapab pwogrese. Ou ka oblije pase nan plizyè travay anvan ou jwenn youn ki peye byen epi ki pèmèt ou vanse.

Si ou vle chanje travay pou ou kapab vanse, fòk ou pa bliye enpòtans dosye osnon istwa travay ou nan peyi Etazini. Kidonk, li enpòtan anpil pou ou kenbe dosye sa-a pwòp. Pa rive nan travay an reta, epi fè travay ou byen. Li enpòtan tou pou ou pa kite premye travay ou twò vit; eseye pase yon 6 mwa nan premye travay ou jwenn pou ou kapab gen bon jan referans epi tou pou ou koumanse tabli dosye ou. Pa bliye, pi bon lè pou ou chèche yon lòt travay, se pandan ou deja ap travay. Yon travayè ki gen yon bon jan dosye nan travay kapab mande patwon li yon rekòmandasyon jou l'ap kite travay la. Yon rekòmandasyon se yon lèt tou senp ki esplike tout bon jan ak bon kalite yon travayè. Pou yon patwon ba ou yon bon lèt rekòmandasyon, fòk li santi ou pran ka li tou; sa vle di, fòk ou avèti li 2 semèn a lavans. Konsa, l'ap

gen kont tan pou li jwenn yon moun pou ranplase ou. Menm si patwon an ap regrèt ou, li pap panse ou lage li. O Kontrè, l'ap konprann nesesite pou ou chèche yon pi bon travay. Men, pa bliye, ou dwe avèti patwon an anvan ou kite. Gen kote se yon kondisyon menm, e si ou pa avèti patwon an, ou kapab pa touche.

KONKLIZYON

Travay se kle siksè anpil refijye nan peyi Etazini. Refijye ki jwenn yon travay, kapab kòmanse degaje yo. Pi devan yo kapab chèche yon travay ki peye pi byen e k'ap pote plis sekirite. Se nan travay yon refijye kapab konpran anpil konpòtman ak prensip pèp ameriken an. Se nan travay tou yon refijye kapab aprann pale angle nan fè konvèsasyon ak ameriken.

Ajans benevòl yo, volontè yo, zanmi, fanmi ansanm ak tout lòt pwogram espesyal yo kapab ede yon refijye jwenn travay lè li rive nan peyi Etazini. Premye travay ou jwenn nan gen dwa pa peye anpil e li gen dwa pa gen rapò ak metye ou. Men, pa bliye, li enpòtan pou ou gen bon dosye nan travay isit e se premye travay sa-a k'ap ede ou bati bon renome travayè serye. Pi devan, ou toujou kapab chanje travay pou pran youn ki pi bon. Kontantman ou ak siksè ou nan peyi Etazini pral depann sou kapasite ou pou ou adapte ak travay.

CHAPIT 3
LAJAN KI ANTRE AK LAJAN KI SOTI

ENTWODIKSYON

Nan tout peyi, ale nan mache, ale labank epi tout kalite depans esansyèl pa menm. Nan peyi Etazini, lavi kapab koute chè anpil e yon refijye ki pa veye kantite lajan li depanse, kantite lajan li sere, ak depans li fè a kredi, kapab genyen anpil pwoblèm finans.

Nan chapit sa a gen anpil enfòmasyon sou zafè finans nan peyi Etazini tankou, achte, depanse ak sere lajan labank.

1. KOUMAN OU KA TABLI YON BIDJÈ AK LAJAN OU TOUCHE

Nan peyi Etazini, tout moun k'ap viv sou ti lajan yo touche dwe aprann fè yon bidjè. Yon bidjè se balanse kantite lajan ou touche ak kantite lajan ou depanse. Sa vle di aprann depanse nan mezi mwayen ou, nan mezi kantite lajan ou touche. Sa vle di tou achte sa ou bezwen anvan. Nan peyi Etazini, gen yon seri depans ou pral oblije fè chak mwa ke ou pat janm oblije fè nan peyi ou.

a. Depans fiks

Depans fiks yo se yon kategori depans ou pral oblije fè chak mwa tankou:

1. Lwaye—Pi gwo depans ou pral genyen chak mwa se lwaye ou e ou dwe mete lajan lwaye ou yon kote pou ou pa depanse li. Ou dwe peye lwaye ou a lè chak mwa, menm si ou pat siyen sa yo rele yon "lease". Si ou pa peye, mèt kay la gen dwa mete ou deyò. Pa bliye, kote ou lwe kay depann sou mezi lajan ou touche.

2. Nan peyi Etazini gen yon ekip depans ki fèt chak mwa, wè pa wè, ki rele "utilities". "Utilities" se sèvis yon kay bezwen tankou elektrisite, gaz, ak dlo. Gen kote yo tou mete lajan sèvis sa yo nan lwaye kay la. Men, an jeneral chak moun ki lwe kay gen

reskonsablite fè konekte sèvis sa yo. Konpayi ki bay sèvis sa yo voye yon bòdwo chak mwa. Bòdwo a gen tout kalite enfòmasyon tankou non ak adrès kliyan an, nimewo kont li ouvri an, dat sèvis la, frè sèvis la ansanm ak taks ki dwe peye pou sèvis la ak dat pou konpayi an touche. Ou kapab voye peye bòdwo sa yo pa lapòs osnon ou kapab ale peye konpayi an ou menm. Kelkilenswa jan ou chwazi peye, fòk ou peye lè dat la rive. Si ou pa peye a lè, ou ka oblije peye amann osnon konpayi an kapab koupe sèvis ou .

3. Manje—Ou kapab sezi wè tout kalite manje ki genyen nan peyi isit. Men, fòk ou fè atansyon pou ou pa anvi achte tout sa ou wè. Ou dwe eseye achte manje ki pa koute twò chè, e ki gen vitamin. Fòk ou eseye achte manje pou kèk jou tou. Ou dwe aprann konpare valè lòt pwodui e ou dwe chèche dat manje an kapab gate. Si ou achte yon manje apre dat li kapab gate an, manje sa a pa kapab ni bon ni fre.

4. Transpò—Ou dwe eseye kalkile frè transpò piblik pou fè ale vini lakay ou chak jou. Gen kote ou kapab achte yon kat chak mwa ki pèmèt ou fè plizyè vwayaj swa nan otobis swa nan tren.

5. Asirans—Gen anpil moun ki pa gen lajan pou yo peye lopital ak doktè osnon pou yo ranplase yon byen ki detwi. Lè ou gen asirans, ou peye konpayi asirans lan. Konpayi asirans lan li menm ap peye ou si yon malè ta rive ou osnon yon moun nan fanmi ou. Ou kapab achte asirans si ou vle, men gen kèk asirans ou dwe genyen kan menm, tankou:

* asirans maladi—Asirans maladi peye lopital ak doktè e pafwa gen konpayi ki peye egzamen laboratwa tou. Gen anpil patwon ki peye yon pati nan asirans maladi travayè yo. Jounen jodi a, tout moun dwe gen asirans maladi paske doktè ak lopital tèlman koute chè.

* asirans otomobil—Si ou achte yon otomobil, fòk ou gen asirans. Nan preske tout eta nan peyi Etazini, tout chofè dwe gen asirans sinon y'ap pran kontravansyon ak lalwa. Si ou fè yon aksidan otomobil epi ou pa gen asirans, ou ka oblije peye tout frè

reparasyon yo pou kont ou. Reparasyon sa yo kapab koute anpil lajan. Gen plizyè kalite asirans pou otomobil; genyen ki peye lopital ak doktè pou moun ki blese. Li ta bon pou ou chèche tout enfòmasyon sou kalite asirans otomobil ou kapab achte.

*asirans pou propriete—asirans sa a ap ede ou peye pou byen ou ta pèdi si vòlè pase, si gen dife osnon nenpòt lòt kalite aksidan.

*asirans lavi—kalite asirans sa a bay yon fanmi sekirite nan zafè finans si moun k'ap travay lan mouri.

6. Telefòn—Ou pa oblije gen telefòn lakay ou; men, si ou chwazi gen sèvis sa a fòk ou peye pou li chak mwa. Konpayi telefòn nan ap voye bòdwo pou ou chak mwa, e ou gen yon dat pou peye li menm jan ak tout lòt sèvis yo.

Lè ou fin kalkile tout depans fiks ou fè chak mwa, ou dwe konsidere lòt depans tou tankou depans ki varye.

b. Depans ki varye

1. lajan ou sere labank
2. lòt depans pou doktè ak dantis
3. rad
4. mèb ak lòt founiti pou kay
5. Lòt kalite depans pou ti bagay ou vle osnon bezwen

2. ALE NAN MACHE

Nan peyi Etazini, gen anpil kote ou kapab achte. Si tèlman gen anpil varyete nan pwodui yo, li pa fasil pou ou chwazi. Tout moun ki fèk antre nan peyi Etazini gen anpil bezwen, men ou dwe tabli sa ki pi enpòtan pou ou dapre kantite lajan ou genyen. Ou pral depanse kan menm pou achte manje ak yon seri lòt bagay ou bezwen. Gen bagay, tankou rad, ou pral oblije achte vit e prese, e gen lòt bagay, tankou mèb, aparèy televizyon, ak otomobil, ou pral oblije achte lè ou kapab. Si ou vle achte pi byen osnon fè pi

bon zafè, ou dwe cheke reklam nan jounal, cheke magazen ki vann bon mache, cheke magazen pèpè, epi cheke vant likidasyon ki genyen nan magazen. Ou ka mande reprezantan ajans benevòl lan, osnon nenpòt lòt zanmi plis konsèy sou magazen nan peyi isit.

a. Ki lòt kote ou kapab jwenn enfòmasyon sou magazen

1. Jounal se premye kote yon bon jan konsomatè ap chèche enfòmasyon sou magazen. Gen twa seksyon prensipal nan yon jounal kote ou kapab jwenn enfòmasyon:

* reklam ki parèt bò kote lòt atik nan yon jounal. An jeneral reklam sa yo dekri yon machandiz osnon yon sèvis ansanm ak pri yo. Si gen yon likidasyon espesyal, reklam nan fè sa parèt klè.

* seksyon siplemantè se tout reklam ki distribye nan yon jounal. Seksyon siplemantè sa yo anonse gwo likidasyon ki pral genyen nan yon magazen.

* ti anons yo bay enfòmasyon sou tout kalite sèvis, tout kalite machandiz tou nèf osnon dezyèm men. Se yon seksyon espesyal ki nan dènye pati yon jounal. An jeneral, se gwo konpayi yo ki peye pou tout reklam ansanm ak tout seksyon siplemantè yo. Men, ti anons yo, se patikilye ki peye yo paske yo vle vann, achte osnon fè echanj. Seksyon ti anons lan divize an plizyè kategori. Chak kategori se yon tit. Pa egzanp: Kay pou vann; Bisiklèt pou vann; Bèt pou vann; Aparèy elektrik pou vann.

Yon jounal kapab ede ou tire gwo avantaj lè ou pral achte paske ou kapab konpare pri san ou pa oblije deplase.

2. Katalòg—Gen katalòg ki vann yon sèl kalite machandiz e gen lòt ki gen tout machandiz. Gen katalòg ki gen kèk paj sèlman e gen kèk lòt ki gen anpil paj. Nan peyi Etazini, katalòg ki pi popilè yo se katalòg ki vann tout kalite machandiz tankou katalòg konpayi Sears, Roebuck, Montgomery Ward, avèk Spiegel.

Gen foto tout machandiz yo ansanm ak tout enfòmasyon yon konsomatè kapab bezwen tankou: gwosè, koulè, ak ki materyèl

machandiz lan fèt, ak kouman konpayi an ap poste machandiz lan. Gen anpil lòt enfòmasyon tou ki pèmèt yon konsomatè plase yon kòmand pi byen tankou nimewo machadiz la. Anvan ou kòmande yon machandiz nan katalòg, nou ta konseye ou tann ou vin abitye ak tout règleman ak kondisyon ki gen rapò ak kòmande machandiz.

3. Paj jòn—Gen yon seksyon nan liv telefòn nan ki gen paj jòn. Seksyon sa a kapab gen bon jan enfòmasyon paske gen non anpil magazen ansanm ak kalite machandiz yo vann. Nan seksyon sa a gen yon lis magazen ki nan zòn ou ki fè tout kalite reparasyon.

b. Kouman ou ka achte bon mache

1. Likidasyon—Machandiz ki make "sale" osnon likidasyon, gen yon pri ki pi ba pase pri nòmal yo. An jeneral magazen an fè reklam vant lan davans. Anpil magazen toujou gen likidasyon, men kantite tan vant lan pran ansanm ak machandiz k'ap vann yo kapab varye. Ou ka rive nan magazen an epi ou jwenn yon gwo afich ki make "sold out" sa vle di machandiz la fini. Si sa rive, ou gen dwa mande magazen an sa ki rele yon "raincheck". Yon "raincheck" se yon papye magazen an ba ou ki gen non machandiz lan ansanm ak pri li. Papye sa a ap pèmèt ou achte machandiz lan lè magazen an vin resevwa lòt stòk menm si vant likidasyon-an ta fini.

2. Koupon—Pafwa ou kapab resevwa koupon k'ap pèmèt ou achte yon machandiz ak rabè. An jeneral, ou kapab jwenn koupon nan jounal osnon nan machandiz ou achte deja, osnon ou kapab resevwa yo nan lapòs san ou pat mande yo. Si ou vle achte yon machandiz ak yon koupon, fòk ou remèt magazen an koupon an. Gen anpil koupon ki gen yon dènye dat ou kapab sèvi avèk yo, sa vle di yo pa bon apre dat sa a.

c. Ki kote ou kapab achte

Gen anpil magazen ak boutik nan peyi Etazini. Machandiz ou kapab jwenn nan chak magazen, osnon chak boutik kapab varye. Men kèk egzanp boutik ak magazen ou kapab jwenn isit:

1. Supermarkets—Yon supermarket, se kote ou kapab jwenn manje pi fasil. Yon supermarket se yon gwo mache modèn kote yo vann tout kalite manje. Ou kapab jwenn lòt kalite pwodui tou tankou pwodui pou netwaye kay, pwodui bote, magazin, rad, bagay pou kay, ak medikamen ki pa bezwen preskripsyon.

2. Department store—Yon department store, se yon magazen ki divize an plizyè depatman. Chak depatman vann yon kalite machandiz. An jeneral se yon seri magazen ou jwenn nan tout peyi an kote ou kapab achte rad, mèb, kenkay, soulye ak lòt kalite machandiz.

3. Thrift shop—Yon thrift shop se yon magazen ki vann machandiz dezyèm men e ki bon mache. Ameriken pa santi yo jennen pou yo achte rad ak mèb dezyèm men. An jeneral se yon òganizasyon k'ap fè zèv sosyal ki dirije boutik sa yo.

4. Farmer's market—Nan anpil zòn nan peyi Etazini, fèmye antre lavil pou yo vin vann pwodui ki soti nan jaden-yo tankou fwi, legim ak flè. Pri machandiz sa yo pa pi bon mache pase mache an, men kalite machandiz yo pi bon.

5. Ethnic grocery stores—Gen anpil vil nan peyi Etazini ki gen katye kote imigran rete. Imigran yo fè yon boutik kote yo vann machandiz ki soti nan peyi yo.

d. Kouman ou kapab peye yon machandiz

Premye bagay ki enpòtan lè yon moun ap achte, se chwazi pi bon machandiz lan. Dezyèm bagay ki enpòtan se peye machandiz lan. An jeneral moun nan peyi isit pa fè pri sou tout machandiz. Yo fè pri pou machandiz ki koute anpil lajan tankou, otomobil ak kay. Yo fè pri tou sou machandiz yo achte nan yon "farmer's market", nan yon "flea market" osnon nan men yon moun.

Lè ou achte yon machandiz, li toujou pi fasil pou peye kash. Men, se pa tout moun ki vle mache ak anpil lajan sou yo paske li difisil epi tou kapab gen danje. Se sa ki fè gen anpil moun ki pito sèvi ak chèk osnon ak kat kredi. Pi fò magazen isit aksepte chèk, men fòk moun k'ap peye ak chèk lan bay 2 pyès ki idantifye li. Si ouap voye peye yon machandiz nan lapòs, ou kapab voye yon chèk osnon yon "money order". Pa bliye, ou pa dwe poste lajan kash. Ou kapab achte yon money order pou nenpòt kantite lajan nan yon bank osnon lapòs; pa bliye y'ap fè ou peye yon ti kòb dapre valè "money order" an.

Si ou peye yon machandiz ak kat kredi, pa bliye konpayi an ap fè ou peye yon pousantaj sou kredi an. Sa vle di, yon machandiz kapab koute pi chè si ou peye li ak kat kredi.

e. Taks ak resi

Nan preske tout eta nan peyi Etazini, tout konsomatè oblije peye taks sou anpil machandiz yo achte. Kantite taks yo peye depann sou valè machandiz lan.

Lè ou fin peye machandiz lan, yo ba ou yon resi. Nou konseye ou pran abitid kenbe resi yo paske se yon prèv ou peye yon machandiz. Se yon abitid ki enpòtan tou paske ou ka bezwen remèt osnon chanje machandiz lan e magazen an kapab mande ou resi an.

f. "Warranties"

Yon "warranty" osnon yon "guaranty" se pwoteksyon pou yon konsomatè kont yon machandiz ki gate osnon ki pa bon. Yon "warranty" detaye tout reskonsablite ni konsomatè an ni magazen an si yon machandiz gate. "Warranty" an dekri kondisyon k'ap oblije magazen an ranplase osnon repare yon machandiz osnon remèt lajan machandiz lan tou kout. Warranty an dekri tou kantite tan machandiz lan pwoteje tou. Gen anpil konpayi ki egzije pou yon warranty anrejistre anvan mèt machandiz la kapab benefisye.

g. Remèt Machandiz

Chak magazen isit gen règleman pa yo sou zafè remèt machandiz. Ou dwe eseye konnen règleman tout magazen ou frekante. Pa bliye konsève resi tout machandiz ou achte pou si ou ta vle remèt yo.

Si ou ta gen pwoblèm, ou kapab kontakte yon òganizasyon ki pwoteje konsomatè tankou Better Business Bureau. Kalite òganizasyon sa yo la pou yo defann konsomatè yo epi ba yo nenpòt konsèy.

h. Kat Kredi

Lè ou peye yon machandiz ak kat kredi, sa vle di ou dakò pou ou peye pi devan. Kat Kredi gen anpil avantaj. Ou kapab achte yon machandiz epi ou koumanse sèvi avèk li pandan ouap peye li. Gen de fwa, li pi ekonomik pou ou achte yon machandiz la menm pase ou tann pi devan paske pri li kapab monte. Men kat kredi gen danje tou. Ou ka anvi achte twòp bagay epi ouap oblije peye anpil lajan pou kredi an. Gen risk pou konpayi kredi an sezi machandiz lan si ou pa kapab peye li nòmalman. Epi tou, machandiz lan vin koute ou plis kòb paske ou oblije peye enterè sou kredi an.

Men, anpil moun oblije sèvi ak kredi pou yo fè gwo depans tankou achte kay osnon otomobil. Kidonk, li enpòtan anpil pou ou koumanse tabli kredi ou nan peyi isit.

Li difisil pou jwenn kredi pou fè yon gwo depans osnon pou ou prete yon lajan. Li ka pi fasil pou ou jwenn kredi pou ou fè ti depans; men, an jeneral, tout kote ou mande kredi, ekzije pou ou deja gen kredi. Kidonk, kouman pou yon moun vin gen kredi? Youn nan bagay ou kapab fè se ouvri yon kont labank; youn pou chèk epi lòt la pou ou sere lajan. Men fòk ou pa janm ekri yon chèk si ou pa gen lajan an labank. Peye tout bòdwo ou a lè tou. Konsa, li pap twò difisil pou ou jwenn kredi nan yon gwo magazen.

Nan yon fanmi, li enpòtan pou ni madanm ni mari gen kredi

paske si yo ta vin separe osnon si youn nan yo ta mouri, chak moun te gen tan gen kredi pa yo.

Sa sa vle di "credit rating"? Pou yon moun gen yon bon "credit rating" sa vle di fòk moun nan gen abitid peye kredi li a lè. Sa vle di tou pou yon moun pat gen okenn kredi li pat fin peye. Lè yon konpayi osnon yon magazen bezwen enfòmasyon sou "credit rating" yon moun, yo kontakte yon biwo ki okipe zafè kredi. Biwo sa a rele "Credit Bureau" e se la ki gen dosye kredi prèske tout moun; dosye kredi sa a gen enfòmasyon pèsonèl ou ansanm ak enfòmasyon sou tout kredi ou te fè osnon tout kredi ki sou kont ou. Nenpòt moun gen dwa mande yon kopi dosye kredi yo nan biwo kredi sa yo. Si enfòmasyon ki nan dosye an pa fin kòrèk, ou gen dwa poze kesyon jouk yo korije li.

Gen kat kredi ou oblije peye menm lè ou resevwa bòdwo an. Sa vle di si ou fè yon gwo depans, ou pap kapab peye lajan ou dwe an pa mòso. Konpayi ki bay kat kredi yo mete enterè sou lajan ou dwe an e enterè a kapab rive 21%. Kidonk, li enpòtan anpil pou ou byen li tout enfòmasyon ki sou papye konpayi kredi an pou ou byen konprann kondisyon yo anvan ou sèvi ak kat kredi an.

Si ou pèdi kat kredi an osnon yo vòlè li, fòk ou rele konpayi an vit e prese. Si ou rele konpayi vit e prese, ou gen dwa pa reskonsab tout kredi ki fèt sou kont ou.

3. SÈVIS LABANK

Ameriken konte anpil sou tout kalite sèvis yo jwenn labank. Se paske preske tout bank ofri kliyan yo anpil sèvis. Yon kliyan kapab yon òganizasyon osnon yon patikilye.

Men kèk sèvis ou jwenn labank:

a. kont chèk

Preske tout moun isit gen yon kanè chèk. Ou menm tou ou kapab ouvri yon kont chèk lè ou koumanse travay. Prèske tout

moun eseye pa mache ak anpil lajan nan pòch yo, kidonk, yo peye prèske tout sa yo achte ak chèk. Lè ou louvri yon kont chèk, ou mete lajan an nan yon kont epi ou tire lajan an lè ou bezwen. Bank la ba ou yon ekip chèk ki kapab sèvi menm jan ak lajan kash. Fòk ou ale labank pou ou louvri yon kont chèk e y'ap mande ou siyen non ou sou yon ti kat. Ou gen dwa chwazi yon bank dapre kalite sèvis li ofri, dapre lè li louvri osnon paske li tou pre lakay ou. Moun ki marye gen dwa louvri yon kont ansanm e lè sa ni mari ni madanm ak gen dwa siyen chèk yo.

Tout moun ki gen yon kont chèk dwe vin abitye avèk kat demach osnon kat papye sa yo: fich pou mete lajan labank, chèk, souchèk osnon liv chèk, ak rapò bank la voye chak mwa.

1. Fich pou mete lajan labank—Lè ou fin louvri yon kont, ou ka chwazi mete lajan ladann detanzantan. Fich la kapab gen non ou, li kapab gen non ni madanm ni mari si se yon kont yo louvri ansanm, li gen nimewo kont lan, epi yon ti espas pou tout enfòmasyon enpòtan ki gen rapò ak sa ou pral regle an. Fich sa a kapab ede ou kalkile tout lajan ou mete labank, ni lajan kash ni chèk. Lè ou fin ekri tout enfòmasyon enpòtan yo sou fich lan, ou remèt li bay anplwaye labank lan e se li menm k'ap ba ou yon resi. Bank la kapab ba ou anpil fich lè ou fin louvri kont lan, men ou kapab toujou mande yon anplwaye lòt fich.

2. Chèk—Se moun ki louvri kont chèk la sèlman ki kapab ekri ak siyen chèk. Pou ou ekri yon chèk, fòk ou mete:

*dat la

*non moun osnon òganizasyon ki pral touche chèk la

*kantite lajan an; pa egzanp, $10.00, $35.00 ak kantite monnen an

*kantite lajan an ak lèt; pa egzanp, "ten dollars and no/100" osnon "thirty-five dollars and 50/100".

* siyati ou

Lè ou fèk louvri yon kont chèk, bank lan ba ou yon kanè chèk

ki gen nimewo kont lan sèlman. Apre kèk jou, bank lan ap voye yon kanè chèk ki gen non ou, adrès ou, nimewo chèk la ansanm ak nimewo kont lan. Men, fòk ou peye pou sa. Ou dwe cheke chak chèk pou ou wè si enfòmasyon an kòrèk. Si ou ta pèdi yon chèk, enfòme bank lan pou li pa peye chèk sa a.

3. Souchèk ak liv chèk—Chak fwa ou ekri yon chèk, fòk ou mete dat la, non moun ki pral touche chèk lan ansanm ak kantite lajan an. Liv sa a dwe gen kantite lajan ki rete nan kont chèk lan. Kantite sa a rele balans osnon kantite kòb ou kapab depanse.

4. Rapò labank—Chak mwa, bank lan ap voye yon rapò lakay ou ki make kantite lajan ki tire nan kont lan ansanm ak tout lajan ou mete nan kont lan pou mwa a. Rapò sa a ap make frè sèvis bank lan tou. Gen bank ki fè kliyan yo peye menm kantite frè sèvis lan. Gen lòt bank ki varye frè sèvis yo dapre kantite chèk yon kliyan ekri. Gen bank ki fè yon konbinezon e gen bank ki pa touche frè sèvis ditou. Men, kelkilenswa sa bank lan fè, li make sou rapò an. Ou dwe konpare liv chèk pa ou ak rapò sa a pou ou checke si pa gen move kalkil. Bank lan konn voye tout chèk ki fin touche yo ansanm ak rapò a e chèk sa yo kapab sèvi kòm resi depans ou yo.

Jounen jodi a anpil bank peye enterè sou lajan ki nan yon kont chèk. Men, yo egzije pou balans lan rete bye wo. Epòk pou yo peye enterè an varye e chak fwa yo peye enterè, kantite an make sou rapò an.

Si ou ekri yon chèk pou yon kantite lajan ki depase balans ou, sa kapab gen gwo konsekans. Bank lan kapab fèmen kont lan osnon sa kapab antre nan dosye kredi ou. Si ou ekri yon chèk ki depase kantite lajan ou genyen, ou kapab oblije prezante ou devan lalwa, ou kapab ale nan prizon osnon ou kapab oblije peye gwo amann. Men, ou kapab evite tout desagreman sa yo si ou peye yon sèvis ki rele "overdraft protection" Sa vle di, bank lan pwoteje ou kont desagreman sa yo paske l'ap peye chèk la pou ou, epi apre sa, l'ap tire sou kont ou.

61

b. Kont nòmal pou sere lajan

Li fasil anpil pou ouvri yon kont labank. Ou pral bezwen kat sosyal sekirite ou ak lajan an. Kalite kont sa yo fèt pou sere lajan epi tou bank yo peye enterè sou lajan sa a.

Gen bank ki bay yon kanè pou make tout aktivite tankou lajan ou mete, lajan ou leve, enterè ou touche ak frè sèvis bank lan. Kanè bank sa a rete nan men moun ki gen kont lan e li dwe prezante li chak fwa li vle leve osnon mete yon lajan.

Se pa nan yon bank komès sèlman yon moun kapab touche enterè. Gen lòt kalite bank isit kote ou kapab ouvri yon kont. Gen bank ki rele "savings and loan", "labor unions", "credit unions".

c. Automatic Teller Machines (ATMs) Kès Otomatik

Preske tout bank gen yon sèvis kès otomatik kote ou kapab depoze osnon tire lajan nan nenpòt kont ou genyen labank, a nenpòt kilè, menm si bank lan fèmen epi nan nenpòt bank, menm si se pa bank pa ou. Gen yon kat espesyal pou sèvis sa a. Anpil bank touche pou sèvis sa a e yo tire lajan an dirèkteman chak fwa ou sèvi ak kat la nan yon kès otomatik osnon ATM. Lè ou fin louvri yon kont nan yon bank ou gen dwa mande yon kat ATM ansanm ak tout ransèyman sou kouman pou ou sèvi avèk li.

d. Prete Lajan

Se pa labank sèlman ou kapab prete lajan. Men, an jeneral, enterè bank yo mande an pi enteresan. Se sa ki fè ou dwe cheke yon bank si ou bezwen prete lajan.

Moun ki fèk tabli nan yon zòn osnon nan yon kominote, gen dwa pa kapab prete lajan, menm si li pa anpil. Yo ká oblije chèche yon moun ki gen bon kredi k'ap pran reskonsablite prete lajan an ansanm avèk yo. Sa vle di moun sa a pare pou li remèt lajan an si moun ki prete an pa kapab. An jeneral, yon moun k'ap travay, k'ap touche, ki gen yon kont labank, e ki gen abitid peye tout dèt li, se yon bon risk. Se kalite moun sa yo labank pran pou yon bon

risk, e se kalite moun sa yo bank yo pa gen pwoblèm prete lajan pou tèt pa yo osnon si yo siyen pou lòt moun.

e. Bwat labank

Pi bon kote ou kapab sere papye enpòtan se nan yon bwat labank e preske tout bank gen bwat sa yo, ti bwat tankou gwo bwat. Yo fèmen ak kle, e yo pèmèt yon moun mete tout zafè enpòtan yo nan sekirite. Anpil bank ofri kliyan yo sèvis sa a gratis, men gen lòt bank ki oblije tout moun peye pou sèvis sa a.

KONKLIZYON

Zafè lajan nan peyi Etazini konplike anpil e yon refijye dwe sèvi ak enfòmasyon ki nan chapit sa a ansanm ak enfòmasyon li jwenn lòt kote tankou nan bank ak nan jounal. Lè yon refijye fèk rive nan peyi Etazini, li pa gen anpil lajan. Kidonk, li dwe veye kouman l'ap depanse lajan li. Li ta bon pou yon refijye aprann viv ak yon bidjè, aprann konpare pri machandiz, aprann sèvi ak kat kredi epi aprann degaje li ak sèvis labank.

CHAPIT 4
EDIKASYON NAN PEYI ETAZINI

ENTWODIKSYON

Lekòl nan peyi Etazini montre kouman prensip pou chak moun gen menm chans se yon bagay ki enpòtan anpil. Tout moun k'ap viv nan peyi Etazini gen dwa ale lekòl, kelkilenswa laj li , ras li , nasyonalite li, osnon klas sosyal li.

Tout elèv nan peyi Etazini, koumanse lekòl lè yo gen 6 zan e yo oblije rete lekòl jouk yo vin gen 15 zan. Men, pi fò elèv isit pase 12 zan lekòl, kidonk, yo fini lè yo gen 17 an.

Lekòl ti moun yo divize an 2 nivo: elemantè ki soti 6 zan rive 11 zan, ak segondè ki soti 12 zan rive 17 an. Tout elèv ki fini nan nivo segondè resevwa yon diplòm etid segondè.

Tablo sa a montre kouman 12 ane sa yo divize. Pitit ou kapab ale nan diferan lekòl ki nan katye an dapre laj yo epi dapre nivo yo.

KLAS ELEMANTÈ

Yo rele klas sa yo primè, osnon klas elemantè.

Laj	Klas
6 zan	premye nivo
7 an	dezyèm nivo
8 an	twazyèm nivo
9 an	katriyèm nivo
10 zan	senkyèm nivo
11 zan	sizyèm nivo

KLAS SEGONDÈ

Yo rele klas sa a klas segondè

Laj	Klas
12 zan	setyèm nivo
13 zan	uityèm nivo
14 zan	nevyèm nivo
15 zan	dizyèm nivo
16 zan	onzyèm nivo
17 an	douzyèm nivo

Tout granmoun ki gen plis pase 18 an gen chans pou ale lekòl tou. Gen anpil moun ki travay e ki ale lekòl tou. Gen anpil okazyon pou moun travay pandan yo ale lekòl paske apre nivo segondè, lekòl koute chè anpil.

Nan seksyon sa a gen tout enfòmasyon sou diferan okazyon pou moun ale lekòl ansanm ak reskonsablite ki mache avèk yo.

1. EDIKASYON POU TI MOUN

a. Ki kalite lekòl ki egziste

1. Lekòl piblik—Tout ti moun gen dwa pase 12 ane nan lekòl piblik yo. Gen anpil lekòl piblik ki gen yon klas "kindergarten" osnon Jaden d'anfan, ki anvan premye nivo elemantè an. Se moun ki rete nan yon zòn ki sipòte lekòl piblik nan zòn sa-a ak lajan taks yo peye. Tout lajan taks sa yo vin tonbe sou reskonsablite yon ekip moun ki rele "school board". Ekip moun sa a dirije tout lekòl piblik nan yon zòn. Se sitwayen ki rete nan zòn nan ki fè eleksyon dirijan sa yo. Kidonk lekòl piblik yo pote non sa a paske tout sitwayen kapab patisipe egal ego.

Tout lekòl piblik nan peyi Etazini bay kou nan tout matyè de baz. Matyè de baz se, lekti, ekriti, matematik, istwa peyi Etazini, istwa jeneral, syans, mizik, atizay, ak edikasyon fizik. Se Depatman edikasyon chak eta osnon "school board" lan ki tabli ki

matyè tout elèv oblije etidye. Se sa ki fè tout elèv nan Etazini pa oblije etidye menm matyè.

Klas elemantè yo gen matyè tout elèv oblije etidye. Klas segondè yo gen matyè tout elèv oblije etidye tou men, gen anpil lòt matyè elèv yo chwazi etidye.

Gen anpil lekòl segondè ki bay kou nan anpil metye tankou mekanik, chapant, agrikilti, sekretè, ak okipe zafè kay. Elèv ki vle koumanse travay lè yo fin fè lekòl segondè se yo ki pran kou sa yo pou yo gen yon metye. Men, tout elèv nan yon lekòl segondè gen dwa pran kou sa yo.

2. Lekòl prive—Menm jan gen lekòl piblik, gen anpil lekòl prive nan peyi Etazini. Se legliz ki reskonsab anpil lekòl prive. Ou dwe peye frè enskripsyon ansanm ak frè lekòl pou mete yon ti moun nan yon lekòl prive. Frè sa yo kapab anpil konsa tou yo ka pa anpil, sa depann sou lekòl lan. Se ou menm ki peye lekòl prive an dirèk, se pa lajan taks ou ki peye li. Menm si pitit ou nan yon lekòl prive, ou oblije peye taks pou sipòte lekòl piblik yo tou.

3. Lekòl matènèl—Preske tout zòn nan peyi Etazini gen lekòl pou timoun ki pa ko gen 6 zan. Yo rele lekòl sa yo "kindergarten," "nursery school," osnon "pre-school." Tout lekòl sa yo koumanse aprann ti moun anpil bagay anvan yo antre nan lekòl elemantè. An jeneral, lekòl sa yo prive; kidonk, fòk ou peye. Gen zòn ki gen lekòl matènèl nan sistèm lekòl piblik yo. Lè sa a, ou ka oblije peye; konsa tou, ou ka pa oblije peye. Menm jan tou, dapre lalwa, pitit lan ka oblije ale lekòl depi li nan laj pou sa; konsa tou, li gen dwa pa ale. Majorite lekòl matènèl nan peyi Etazini koumanse pran ti moun ki gen 2 zan jouk yo vin gen 5 an.

b. Kèk enfòmasyon ou dwe genyen sou lekòl nan peyi Etazini

1. Moun k'ap travay nan lekòl yo—Nan lekòl elemantè yo, chak klas gen yon sèl pwofesè ki reskonsab aprann elèv yo tout

matyè. Nan lekòl segondè yo, gen yon pwofesè diferan pou chak matyè. Kidonk, elèv yo pa rete nan yon grenn klas; yo fè ale vini, soti nan yon klas pou yo ale nan yon lòt. Nan lekòl segondè yo gen konseye ki la pou oryante ti moun yo nan metye osnon pwofesyon ki enterese yo epi pou ede yo ak nenpòt pwoblèm tou.

2. Transpò—Ti moun isit ale lekòl a pye si lekòl lan tou pre kay yo. Men si lekòl lan pa twò pre, gen otobis ki mennen yo lekòl e ki mennen yo tounen lakay yo.

3. Prezans nan lekòl—Preske tout ti moun pase 6 zèdtan lekòl, chak jou, soti lendi, rive vandredi. Ane lekòl koumanse nan mwa sektamn e li fini nan mwa jen. Gen gran vakans nan mwa jen, jiyè ak out.

Gen anpil lekòl ki fè kou pou elèv ki te rate yon pati nan ane, osnon pou elèv k'ap chèche rekreyasyon ak lòt aktivite pandan vakans yo. Men tout elèv pa oblije ale lekòl nan mwa vakans yo.

Nan yon ane lekòl, gen anpil jou konje ak jou vakans. Gen anpil moun ki gen nasyonalite ak relijyon diferan ki gen tradisyon pa yo ansanm ak jou konje pa yo tou; men, jou sa yo pa jou konje pou tout elèv. Si yon paran ta vle yon elèv swiv yon seri tradisyon k'ap anpeche li ale lekòl, li kapab mande pèmisyon lekòl la. Paran an dwe ekri lekòl lan pou avèti pwofesè yo davans.

Se reskonsablite yon paran pou li voye pitit li lekòl chak jou. Si yon ti moun manke yon jou lekòl, paran an dwe voye esplike absans lan. Gen anpil lekòl ki egzije pou paran an telefone biwo administrasyon lekòl lan menm jou ti moun nan ap absan, men tou, yo mande yon lèt ki esplike rezon absans lan lè ti moun nan tounen lekòl. Si yon ti moun manke anpil jou lekòl, e li pa janm pote oken lèt pou esplike absans sa yo, lekòl la gen dwa anpeche vini lekòl pou kèk jou. Sa rele "suspension". Lè sa rive, paran an oblije vini lekòl lan pou diskite pwoblèm ti moun nan ak yon ofisyèl nan lekòl lan.

4. Manje—Preske tout elèv manje lekòl a midi. Gen anpil lekòl ki pa pèmèt ti moun yo kite lekòl a midi. Kidonk, an jeneral,

tout elèv pote manje yo osnon yo achte manje nan kafeterya lekòl lan. Manje nan kafeterya lekòl yo pa koute chè epi yo byen balanse tou.

5. Liv—Majorite lekòl piblik prete elèv yo tout liv y'ap bezwen pou ane lekòl lan. Men, elèv yo dwe remèt tout liv yo nan fen ane an. Si yon elèv pèdi, chire, osnon pa remèt yon liv, paran li dwe peye pri liv la.

6. Klas angle—Tout lekòl gen mwayen pou yo ede elèv ki pa pale angle vin aprann angle pandan yo lekòl. Si gen anpil elèv ki pa pale angle, lekòl lan fè klas espesyal pou yo ki rele " English as a Second Language" osnon "ESL." Pafwa lekòl lan fè kou yo nan lang natif natal elèv lan ansanm ak angle; sa rele edikasyon bileng. Si pa gen anpil elèv ki bezwen pwogram sa yo, lekòl lan kapab chèche yon moun pou bay elèv sa yo leson. Tout paran dwe veye pou ti moun yo jwenn tout sipò yo merite pou yo aprann angle.

7. Evalyasyon—Gen diferan fason pwofesè evalye elèv; yo kapab base sou prezans, devwa, patisipasyon nan klas ak egzamen. Gen diferan fason pwofesè bay elèv nòt. Sistèm ki pi kouran se lèt A, B, C, D, F. Lèt A vle di yon elèv travay byen anpil. Yon lèt F, vle di elèv lan pap pase. Gen lòt lekòl ki sèvi avèk lèt **S** ki vle di "satisfactory" osnon pwofesè an satisfè ak travay elèv lan, kidonk elèv lan ap pase; epi lèt **U** ki vle "unsatisfactory" osnon pwofesè an pa satisfè ak travay elèv lan, kidonk li pap pase. Gen kèk lekòl ki pa sèvi ak okenn sistèm pou bay elèv nòt. Yo bay elèv yo nòt sou baz jan pwofesè an sispèk yo travay.

Majorite lekòl isit pa bay egzamen pou elèv chanje pwomosyon soti nan lekòl elemantè rive nan lekòl segondè. Si elèv lan travay byen pou yon ane, ane k'ap vini an, li pase nan pwochen nivo an. Gen anpil eta nan peyi Etazini ki egzije pou elèv segondè pran egzamen anvan yo diplome. Men, egzamen sa yo pa nasyonal.

Pafwa tout elèv lekòl nan tout peyi an oblije pran egazamen. Egzamen sa yo sèvi pou konpare nivo konesans tout elèv nan peyi an; egzamen sa yo pa sèvi pou ni pase ni double elèv.

Isit, yo mete ti moun nan yon klas dapre laj li. Gen lekòl ki bay ti moun ki gen plis pase 6 zan yon egzamen pou yo kapab mete yo nan nivo nòmal yo. Egzamen sa yo pa sèvi pou ni aksepte ni refize yon elèv.

8. Lòt aktivite ki gen rapò ak lekòl—Tout lekòl òganize lòt aktive pou elèv tankou espò ak klib. Aktivite sa yo fèt pandan gen lekòl epi apre lekòl tou. Gen aktivite espò tankou baskètbòl, foutbòl, kous, volebòl; epi, gen klib teyat, deba ak lang. Konsa tou, elèv yo kapab patisipe nan ekip ki ekri jounal lekòl lan tou. Gen anpil klib tou ki gen rapò ak diferan metye ki enterese elèv yo.

Gen anpil lekòl ki egzije elèv yo gen bon jan nòt nan tout lòt matyè yo pou yo patisipe nan aktivite sa yo paske se pa yo ki pi enpòtan pou yon elèv.

9. Konpòtman ak disiplin nan klas—Tout elèv ki nan yon klas sipoze fè tout travay pwofesè an bay ansanm ak tout devwa. Elèv ki fè travay yo an reta osnon ki rive lekòl an reta san yon bon jan esplikasyon ap pran pinisyon. Pinisyon yo bay yon elèv kapab varye. Elèv lan kapab gen plis devwa; li kapab oblije rete lekòl lè tout lòt elèv fin ale; li gen dwa pa patisipe nan yon seri aktivite epi direktè lekòl lan osnon nenpòt lòt ofisyèl nan lekòl lan kapab fè li obsèvasyon. Nan majorite lekòl piblik isit, pèsonn pa gen dwa bat yon elèv. Men, gen kèk lekòl ki pèmèt sa.

c. Pwoblèm kouran

Gen anpil ti moun refijye ki gen anpil pwoblèm pou yo adapte ak lekòl isit. Si yo pa pale angle, lòt elèv parèy yo pa okipe yo menm. Sa kapab lakòz yo vin chagren. Men, kou yo koumanse aprann angle, pwoblèm sa a disparèt.

69

Nan tout lekòl isit gen yon sistèm ki rele "mainstreaming" ki vle di melanje ti moun ki pa pale angle, ti moun ki gen kèk lòt pwoblem fizik osnon mantal ak lòt ti moun nan lekòl lan. Sa ka bay anpil pwoblèm. Sistèm sa a kapab pi kouran nan vil ki piti yo, kote pa gen anpil mwayen pou devlope pwogram espesyal pou refijye. Gen kote ki pa gen entèprèt tou, e sa kapab lakòz gen gwo pwoblèm kominikasyon. Men, malgre tout difikilte sa yo, ti moun an jeneral kapab debouye yo byen vit paske yo kapab aprann yon lang byen vit e yo kapab aprann adapte yo byen vit tou.

Yon lòt pwoblèm serye tou se pwoblèm ras osnon pwoblèm koulè ki genyen nan lekòl ki nan gwo vil yo. Kalite pwoblèm sa yo gen diferan kòz. Kapab gen pwoblèm paske yon gwoup elèv pa konnen abitid ak tradisyon yon lòt gwoup elèv, donk youn pa fè lòt konfyans, youn sispèk lòt. Depi gen pwoblèm ras/koulè nan yon lekòl, ofisyèl yo pa mize sou sa. Si ou menm kòm paran, ou ta vin aprann gen yon pwoblèm konsa, ou mèt pale ak pwofesè an. Men fòk ou fè atansyon pou ou pa pran nenpòt ti kont pou yon gwo pwoblèm ras/koulè.

d. Travay ak lekòl

Gen posiblite pou elèv segondè yo travay pandan yo lekòl, e gen anpil elèv ki fè sa. Yon elèv kapab fè livrezon jounal, koupe gazon, siveye ti moun, travay nan makèt osnon nan restoran. Elèv yo travay anvan lekòl, apre lekòl osnon nan fen semènn nan. Gen anpil elèv ki travay "full-time" nan sezon ete, nan mwa vakans yo.

e. Reskonsablite yon paran

Se reskonsablite yon paran pou mete pitit li lekòl kou li fin rive nan peyi Etazini. Pafwa moun ki patwone ou lan kapab ede ou enskri pitit ou lekòl. Menm si ou rive nan mitan yon ane lekòl, se reskonsablite pa ou pou ou mete pitit ou lekòl vit e prese; ou pa bezwen tann lòt ane lekòl lan koumanse. Ou ka mete pitit ou nan nenpòt lekòl piblik ki nan zòn lakay ou, dapre nivo li.

Lekòl yo mande enfòmasyon sa yo pou enskri yon elèv:

1. Non ti moun nan
2. Dat nesans ak laj li
3. Adrès kay ak nimewo telefòn li
4. Kanè vaksen ak dosye medikal li
5. Non paran yo
5. Nimewo telefòn ak adrès travay paran yo

Ou ka sèvi ak lòt dokiman tankou pa egzanp yon ak nesans osnon yon ak batèm, ti kat I-94 lan, osnon nenpòt lòt dokiman yon ajans sèvis sosyal ba ou, ki kapab montre adrès ti moun nan.

Anpil lekòl egzije pou yon ti moun fè yon konsiltasyon kay doktè avan li enskri. Gen anpil vaksen lalwa egzije tout ti moun pran anvan yo antre lekòl. Ou dwe mande plis enfòmasyon sou vaksen sa yo lè ou ale enskri pitit ou. Li bon pou ou mache ak kanè vaksen osnon dosye medikal pitit ou lè ou pral enskri li.

Lekòl piblik yo preske "gratis" nan peyi Etazini. Men gen anpil frè ki tonbe sou reskonsablite paran tankou lokasyon liv, founiti klasik, yon seri frè pou klas edikasyon fizik avèk aktivite klib yo.

Isit, yon paran dwe gen yon wòl aktif nan edikasyon pitit li. Se sa ki fè yo ankouraje paran vin obsève travay pitit yo, epi vin rankontre ak pwofesè, menm si yo pa pale angle. Gen lekòl ki òganize konferans pou pwofesè ak paran plizyè fwa nan yon ane. Gen anpil lekòl ki gen yon asosyasyon paran ak pwofesè ki rele "Parent-Teacher Association" (PTA). Lè gen reyinyon, paran ak pwofesè yo kapab diskite sou pwogram yon lekòl, règleman yon lekòl, mwayen pou yon lekòl mache pi byen ak anpil lòt bagay ankò.

Pwofesè ameriken apresye tout kòmantè ak tout kesyon yon paran paske sa ede yo evalye tèt yo e sa ba yo okazyon pou bay paran yo rapò sou travay yon elèv. Sa ede paran yo patisipe plis nan zafè kominote yo. 71

f. Apre lekòl Segondè

Elèv segondè jwenn tout kalite enfòmasyon nan men konseye yo. Konseye sa yo diskite anpil bagay ak elèv yo tankou:

1. jwenn travay apre lekòl segondè.
2. ale aprann yon metye
3. ale nan yon kolèj 2 zan
4. ale nan yon kolèj 4 an oson yon inivèsite.

Elèv ki enterese kontinye etidye nan yon kolèj/inivèsite ka oblije pran yon egzamen yo bay tout elèv. Egzamen sa a se youn nan egzijans pou yo admèt yo nan yon kolèj osnon yon inivèsite. Majorite kolèj ak inivèsite bay tout elèv etranje yon egzamen angle. Se elèv ki konn pale angle ki kapab pase egzamen sa a. Nòt yon elèv ansanm ak aktivite li pandan li te nan lekòl segondè, se lòt egzijans yo fè pou yo admèt li nan yon kolèj/inivèsite.

Li koute chè pou yon elèv kontinye etidye apre lekòl segondè. Yon kolèj/inivèsite prive koute plis kòb pase yon kolèj/inivèsite leta. Men, pa gen diferans ant yo. Si yon elèv vle kontinye etidye, li ka oblije koumanse travay pou li fè yon ti kòb, oubyen li gen dwa ale lekòl pandan l'ap travay. Gen anpil ameriken ki oblije fè sa pou yo kapab peye lekòl yo.

2. EDIKASYON POU GRANMOUN

Edikasyon se yon pwosesis ki dire tout lavi yon moun. Gen anpil ameriken ki demontre sa nan patisipasyon yo nan tout aktivite ki gen rapò ak lekòl. Men, lè yon elèv fin diplome nan yon lekòl segondè piblik, se li ki reskonsab peye lekòl li. Se sa ki fè anpil granmoun travay la jounen epi yo ale lekòl aswè. Tout lekòl gen kou aswè pou akomode elèv k'ap travay e gen anpil lekòl ki bati pwogram pou elèv k'ap travay menm. Gen anpil moun tou ki fè yon bon tan ap travay epi apre, si yo gen mwayen, yo ale lekòl sèlman pou yo kapab gen yon pi bon travay.

Youn nan rezon ki fè granmoun ale lekòl se pou yo jwenn yon

travay ki peye plis. Men, sa pa vle di yon moun ap touche plis kòb si li gen plis edikasyon. Gen anpil metye ki peye pi byen pase anpil pwofesyon. Ou dwe gade ki kalite travay ki genyen nan zòn ou rete an pou ou kapab chwazi pi bon pwogram pou ou etidye. Lè ouap konsidere ki posiblite travay ki gen nan zòn ou rete an, ou ka vin reyalize yon pwogram edikasyon fòmèl kapab bay plis avantaj pi devan.

Nan seksyon sa a, gen yon deskripsyon prèske tout lekòl ak tout pwogram ki bati pou granmoun.

a. English as a Second Language

Gen anpil zòn nan peyi Etazini ki gen diferan kote pou granmoun aprann pale angle.

1. Pwogram pou granmoun "Adult Basic Education" An jeneral, se "school board" nan chak zòn ki reskonsab pwogram pou gran moun. Gen diferan lekòl kote granmoun kapab aprann pale angle, osnon "English as a Second Language". Yon moun ki vle ale lekòl ka oblije peye yon ti kòb tou piti pou ale nan lekòl sa yo. Men tou, li ka fè konesans anpil lòt moun ki soti nan diferan peyi.

2. Ajans benevòl yo—Ajans benevòl yo gen anpil pwogram espesyal pou ede refijye aprann pale angle epi pou ede yo oryante yo nan peyi Etazini. Tout refijye ki fèk vini dwe chèche plis enfòmasyon nan ajans ki patwone yo an.

3. Legliz—Gen anpil legliz ak lòt gwoup legliz ki travay anpil nan ede refijye tabli nan peyi isit. Anpil nan yo gen pwogram espesyal pou aprann moun pale angle osnon pou ede yo oryante yo pi byen.

4. Lekòl prive—Gen anpil lekòl ki aprann moun pale nenpòt lang e yo gen klas angle tou. Men, lekòl sa yo chè anpil.

5. Leson patikilye—Gen anpil refijye ki jwenn yon moun ki ba yo leson patikilye nan angle. Se ka moun ki patwone yo an, se ka yon vwazen, osnon yon moun yo rankontre nan yon sant/

òganizasyon nan kominote a e pi nan legliz tou. Gen anpil moun ki bay leson gratis, men gen anpil ki mande touche tou. Si ou pa kapab jwenn yon lekòl ki gen klas angle, eseye jwenn yon moun ki kapab ba ou leson.

6. Si pa gen pwogram ditou—Li posib pou pa gen pwogram ditou nan zòn ou rete an. Si sa rive ou, gen lòt bagay ou kapab fè:

* Eseye pale angle avèk ameriken ou rankontre nan makèt, labank, epi nan vwazinaj. Menm si se yon grenn mo ou aprann chak jou, sa kapab ede ou pale angle.

* Gade televizyon epi eseye tande kèk mo ak kèz fraz. Repete yo avèk zanmi osnon vwazen.

* Sèvi ak yon diksyonè bileng pou aprann lòt mo. Mande yon zanmi ameriken pou li pwononse mo yo epi fè fraz avèk yo pou ou. Kontinye fè repetisyon.

* Sèvi ak liv angle pitit ou.

* Gen anpil materyèl pou aprann angle pou kont ou tou, men yo ka koute chè.

b. Pwogram pou granmoun "Adult Basic Education"

Gen anpil lekòl ki ede granmoun pran diplòm lekòl segondè yo, epi ki gen tout kalite matyè ki ka enterese yo. Gen pwogram ki pèmèt granmoun yo fè echanj sou sa yo konnen. Gen lòt klas tankou, klas penti, klas potri, klas kouti, klas fè manje, ak klas mekanik. An jeneral, se aswè sèlman yo bay kou sa yo nan lekòl elemantè osnon lekòl segondè yo, epi yo koute yon ti kòb.

c. Lekòl teknik

Lekòl kote yon moun kapab aprann yon metye rele "Vocational or Technical School." Gen pwogram teknik sa yo nan lekòl prive, epi nan anpil kolèj. Men, pri chak lekòl yo varye. Lekòl sa yo aprann moun tout kalite metye.

d. Kolèj ak Inivèsite

Nan peyi Etazini, gen de kalite kolèj ak inivèsite; genyen ki 2 zan e genyen ki 4 an. Kolèj/Inivèsite nan peyi Etazini kapab piblik osnon prive. Yon enstitisyon 2 zan rele "junior/community college". Yon enstitisyon 4 an se yon kolèj osnon yon inivèsite. An jeneral, kolèj yo pi piti pase inivèsite e yo gen mwens depatman.

Kolèj/inivèsite yo gen anpil pwogram nan syans, nan syans sosyal, nan atizay, ak istwa. Yo egzije pou tout elèv pran yon seri klas nan premye ak dezyèm ane, anvan yo tonbe nan domèn yo chwazi an. Pa egzanp, yo kapab chwazi fizik, matematik, edikasyon, ak istwa. Enstitisyon sa yo ofri posiblite depase nivo bachelye an. Isit, yo rele nivo sa a "graduate school".

"Junior/community college" konsantre plis sou pwogram teknik. Men, yo bay tout elèv yon preparasyon jeneral pou si yo ta vle kontinye etidye nan yon kolèj/Inivèsite.

Pri yo varye anpil tou. Leta/gouvènman an bay enstitisyon piblik yo lajan; se sa ki fè yo pa koute anpil kòb. Kolèj/inivèsite prive yo, depann sou elèv. Tablo sa a se yon konparezon sou frè twa kolèj/inivèsite nan zòn Washington, nan ane 1993-1994. Frè sa yo gen pri manje ak pri chanm etidyan an, men yo pa gen frè pou liv ak lòt bagay pèsonèl.

FRÈ NAN YON INIVÈSITE PRIVE	
Frè lekòl	$18,150 chak ane
Manje ak chanm	$6,925 chak ane
TOTAL	$25,075 chak ane

FRÈ NAN YON INIVÈSITE PIBLIK	
Frè lekòl(pou yon rezidan)	$3,480 chak ane
Manje ak chanm	$2,819 chak ane
TOTAL	$6,299 chak ane

Frè lekòl (yon etidyan ki pa rezidan)	$9,284 chak ane
Manje ak chanm	$2,819 chak ane
TOTAL	$12,103 chak ane

FRÈ NAN YON KOLÈJ 2 ZAN

Frè lekòl (pou yon rezidan)	$1,088 chak ane
Frè lekòl (pou yon etidyan ki pa rezidan)	$3,576 chak ane

Nan kolèj 2 zan yo pa gen chanm.

Gouvènman federal la prete etidyan lajan ak yon enterè ki ba anpil. Gen anpil lekòl ak anpil òganizasyon ki gen lajan ki prete etidyan lajan tou. Men, li pi fasil pou prete lajan nan gouvènman federal lan. Gen anpil bous tou pou etidyan ki entelijan, e ki pa gen lajan. Gen pwogram "work-study" tou ki pèmèt yon etidyan travay pandan li lekòl. Gen yon biwo espesyal nan tout kolèj/ inivèsite ki okipe kesyon lajan. Biwo sa a rele "Financial Aid Office." Jounen jodia, gen anpil konpetisyon pou lajan sa yo paske gouvènman federal lan tèlman koupe bidjè li.

e. Sèvis Militè

Gen anpil okazyon pou yon moun aprann yon metye nan Sèvis militè peyi Etazini. Gen diferan kategori sèvis e chak gen avantaj pa yo. Si yon moun chwazi antre nan lame, se yon chwa k'ap pran tout tan li. Si yon moun chwazi antre nan ekip rezèv la "reserves" osnon nan gad nasyonal "National Guard", li kapab gen yon lòt travay paske kategori sèvis sa yo fèt pou sivil ki gen lòt okipasyon. Chak ekip gen yon lè pou li reyini e yo gen sa ki rele yon "tour of duty" osnon yon peryòd travay ki dire 2 semenn. Moun ki antre nan ekip espesyal sa yo touche epi yo aprann yon metye tou.

Men egzijans yo fè moun ki vle antre nan lame, osnon nan lòt kategori sèvis yo:

* Moun nan dwe sitwayen ameriken osnon li dwe gen

rezidans. Tout refijye k'ap viv nan peyi Etazini kapab aplike pou yo gen rezidans apre yon ane.

*Chak moun dwe pase yon konsiltasyon medikal.

*Chak moun dwe pran yon egzamen ki nan lang angle.

*Chak moun dwe akspete pou yo fè rechèch sou vi li.

Se Ajans Nasyonal ki fè rechèch pou sèvis militè an . Yo mande tout kalite dokiman, afidavi ak referans si ou t'ap travay osnon si ou te nan lame. Pandan y'ap fè rechèch sa yo, ou ka antre nan ekip "Reserves" osnon ekip "National Guard" lan sou yon baz provizwa.

KONKLIZYON

Kouraj ak detèminasyon, se de bagay yon refijye ap pi bezwen pandan l'ap aprann degaje li nan yon lòt kilti ak yon lòt lang. Fòk ou gen kouraj pou ou pwofite tout okazyon pou ou pale angle epi pou aprann kilti peyi an. Yon refijye jwenn anpil okazyon konsa pandan yon jounen. Ou gen dwa pale ak moun k'ap travay menm kote avèk ou, ak vwazen ou, osnon ak mèt boutik ki nan katye lakay ou. Fòk ou deplase, kite konfò lakay ou pou al pwomenen nan katye an; sèvi ak transpò piblik yo, eseye rankontre moun. Tout sa se diferan fason ou kapab aprann kilti peyi Etazini. Fòk ou gen kouraj pou ou aksepte lè moun pa konprann sa ou vle di. Sa se yon leson ou pap janm bliye.

An jeneral, refijye ki kenbe fèm nan eseye aprann angle, nan eseye aprann kilti peyi a, se yo ki gen siksè pa bò isit.

CHAPIT 5
SISTÈM SOSYAL, SISTÈM POLITIK AK RELIJYON NAN PEYI ETAZINI

ENTWODIKSYON

Chapit sa a pral esplike rapò yon refijye ka genyen avèk òganizasyon sosyal ak politik ki ka afekte yo nan peyi Etazini. Gen anpil òganizasyon tankou lekòl, sant medikal, ajans sèvis sosyal, avèk òganizasyon politik tankou palman ameriken an ki rele "Congress," avèk dirijan lekòl yo ki rele "School Board." Men, nan chak kominote, gen diferans nan jan ajans sa yo fonksyone. Kidonk, yon refijye dwe mande èd yon moun ki konprann ajans sa yo, ki konnen ki sèvis yo bay, epi ki konnen kouman pou yo jwenn sèvis sa yo.

Chapit sa a divize an 4 seksyon:

Sèvis Sosyal—Seksyon sa a gen enfòmasyon sou kalite sèvis ki egziste pou moun ki pa touche anpil lajan e ki gen bezwen espesyal. Enfòmasyon an jeneral paske sèvis sa yo kapab diferan nan chak zòn. Si ou bezwen enfòmasyon ki pi presi, mande yon moun nan ajans ki patwone ou lan.

Swen Sante—Ameriken kapab resevwa tout kalite swen sante; men, yo ka koute chè tou. Nan seksyon sa a, gen enfòmasyon sou diferan swen yon moun kapab jwenn, ki kote yon moun kapab jwenn swen sa yo, epi kouman moun peye yo.

Lalwa ak Gouvènman an—Seksyon sa a esplike sistèm politik ameriken an epi tou li esplike kouman gouvènman federal lan òganize, kouman gouvènman lokal yo òganize, epi tout dwa yon moun genyen dapre lalwa peyi Etazini.

Relijyon nan peyi Etazini—Seksyon sa a esplike wòl relijyon nan peyi Etazini.

1. SÈVIS SOSYAL

Nan tout kominote, gen diferan sèvis sosyal. Genyen se gouvènman federal osnon gouvènman lokal ki reskonsab yo, e *genyen tou* se ajans prive ki reskonsab yo. Non ajans yo kapab varye e non ajans lan gen dwa pa dekri sèvis li ofri yo. Li enpòtan pou ou aprann non tout ajans sèvis sosyal ki nan kominote ou. Yon reprezantan ajans benevòl ou an kapab ede ou konprann yo pi byen. Ou ka toujou chèche ajans sa yo nan liv telefòn nan tou si ou gade nan seksyon "Associations," "Charitable Organizations," ak "Government Agencies".

Kidonk, nan seksyon sa a, ouap jwenn enfòmasyon sou sèvis sosyal yo an jeneral.

Nan peyi Etazini, tout moun ki kapab travay dwe travay pou yo reskonsab tèt yo ak fanmi yo. Men, gen 2 kalite sèvis ki egziste pou ede moun ki pa kapab travay e ki pa kapab jwenn travay.

a. Pwogram Pou ede Moun ki pap Travay

1. "Social Security"—Sekirite Sosyal se yon pwogram federal ki tankou yon pansyon. Tout Ameriken ki travay gen dwa benefisye pwogram sa a paske se tout travayè ansanm ak tout patwon ki peye gouvènman federal lan yon taks espesyal. Preske tout moun k'ap travay, dwe peye taks sa a. Moun ki kontribye nan sistèm sekirite sosyal sa a, gen dwa pran pansyon yo a 65 ane e yo gen dwa resevwa lajan pansyon sa a. Gen moun ki chwazi pran pansyon yo a 62 zan tou, men lajan pansyon yo vin pi piti. Kantite lajan pansyon ou resevwa depann sou konbyen ane ou te travay ak kantite lajan ou te touche. Pwogram sekirite sosyal lan se sèl pwogram federal pou pansyon ki egziste. Men gen anpil òganizasyon ki gen pwogram pansyon pa yo pou tout moun ki travay jouk yo rive nan laj pansyon.

2. "Unemployment Compensation"—Tout moun k'ap travay nan peyi Etazini gen yon asirans chomaj. Se yon taks espesyal ki finanse asirans chomaj lan, e se patwon yo ki reskonsab pou peye

li. Si yon moun te travay pou o mwens 6 mwa, epi li pèdi travay la san se pa fòt li, li gen dwa resevwa lajan asirans chomaj sa a pou yon kantite mwa. Men, tout moun ki resevwa lajan asirans chomaj oblije enskri nan yon sèvis ki ede moun jwenn travay, yo oblije ale nan yon biwo travay detanzantan, epi yo oblije aksepte pran nenpòt travay yo kapab fè.

3. "Workers' Compensation"—Nan tout eta nan peyi Etazini, travayè gen yon asirans aksidan ki finanse ak yon taks tout patwon oblije peye. Asirans sa a peye yon travayè ki blese pandan l'ap travay osnon ki fè yon aksidan pandan l'ap travay. Asirans lan peye tout frè doktè ak lopital epi li peye salè travayè an.

4. "Special Cash Assistance for Persons with No Income or with Very Low Income"—Majorite moun nan peyi Etazini ap travay pou yon salè, osnon yo gen biznis pa yo. Kidonk, yo kapab resevwa lajan pansyon sekirite sosyal lè yo pran pansyon; yo kapab resevwa "workers' compensation" si yo blese/fè aksidan nan travay; e si yo pèdi travay yo, depi se pa fòt yo, yo kapab resevwa lajan asirans chomaj.

Gen lòt pwogram tou pou moun ki pa kapab travay ditou, osnon ki pa resevwa lajan asirans chomaj ankò. Se gouvènman lokal yo ki reskonsab pwogram sa yo, kidonk yo varye anpil nan chak eta. Yo varye dapre ki kantite èd yo kapab bay yon moun osnon yon fanmi.

Nan peyi Etazini, gen anpil pwogram pou ede granmoun, moun ki enfim/kokobe, moun k'ap degaje pou kont yo ak ti moun piti, ak moun ki pap travay. Men, yo pa ankouraje pèsonn rete chita sou kont gouvènman an. Tout moun ki kapab travay dwe travay pou yo reskonsab tèt yo.

5. "Supplementary Security Income (SSI)"—Pwogram sa a se yon pwogram federal pou moun ki depase 65 ane osnon moun ki enfim/kokobe. Pwogram sa a pèmèt moun sa yo resevwa yon ti lajan ansanm ak tout lòt pwogram federal yo. Aplikasyon pou

pwogram "SSI" lan fèt nan yon biwo lokal Sèvis Sosyal Sekirite, e se menm kote an pou yon moun fè aplikasyon pou yon kat sosyal sekirite.

b. Lòt Pwogram pou moun ki pa touche anpil kòb

Gen lòt pwogram pou ede moun ki pa touche anpil kòb. Pwogram sa yo ede yo achte manje avèk yon koupon ki rele "food stamps," epi li ede yo peye elektrisite ak gaz pou chofe kay ak yon pwogram ki rele "HEAP." Tout moun ki gen bezwen pwogram sa yo nan peyi Etazini resevwa menm kantite èd. Pwogram sa yo kapab ede refijye ki fèk rive isit paske lè yo fèk rive, yo pa jwenn travay ki peye anpil lajan.

1. Food Stamps—Yon pwogram ki ede moun ki pa touche anpil kòb pou yo kapab manje byen. Moun ki fè aplikasyon pou pwogram sa a dwe vini ak prèv ki montre yo pa touche anpil e detanzantan yo dwe bay otorite yo prèv sa a pou yo kontinye gen jwenn "food stamps" yo. Kantite "food stamps" yon moun resevwa depann sou kantite moun ki nan fanmi li epi sou kantite lajan li touche. Tout makèt isit aksepte food stamps, men yon moun pa kapab sèvi avèk "food stamps" pou achte alkòl ak sigarèt.

2. Energy Assistance (HEAP)—Yon pwogram gouvènman federal lan mete sou pye pou ede moun ki pa kapab peye elektrisite ak gaz pou chofe kay yo paske yo pa touche anpil kòb. Chak gouvènman lokal gen reskonsablite jere pwogram sa a.

2. LASANTE NAN PEYI ETAZINI

Nan peyi Etazini, lasante se yon sèvis ki konplike e ki gen anpil branch. Isit, lasante pa yon sistèm ki sosyalize, o kontrè, se yon sistèm prive ki koute chè an jeneral. Gen anpil moun ki kapab ede ou konprann sistèm sa a pi byen, pa egzanp, moun nan fanmi ak reprezantan ajans benevòl lan. Nan seksyon sa a, gen enfòmasyon sou swen medikal nan peyi Etazini.

81

a. Sante Piblik

Gen anpil pwoblèm sante ki tonbe sou reskonsablite gouvènman lokal yo paske se chak gouvènman lokal gen reskonsablite pwoteje sante tout moun nan yon kominote. Kidonk, chak zòn gen yon biwo sante piblik ki gen reskonsablite kontwole maladi pou yo pa fè kontajyon. Nan biwo sa a, yo bay vaksen ki anpeche anpil maladi tonbe sou moun, sitou maladi ki kapab trete. Nan biwo sa a, yo fès egzamen laboratwa pou tibèkiloz (TB) ak pou maladi veneryèl, epi yo trete maladi sa yo tou. Tout egzamen laboratwa ki gen rapò ak maladi ki ka fè kontajyon yo gratis paske li enpòtan pou nenpòt moun jwenn sèvis sa a.

Biwo sante piblik yo enspekte dlo tout moun ap bwè tou; yo kontwole jan moun k'ap travay nan restoran prepare manje; yo cheke tout bèt pou kontwole maladi yo kapab simaye. An jeneral, biwo sante piblik la reskonsab pwoteje sante tout moun k'ap viv nan yon zòn/kominote.

b. Doktè Prive

Moun ki malad osnon ki vle fè yon konsiltasyon kapab pran yon randevou ak nenpòt doktè prive. Tout doktè prive gen yon espesyalizasyon, kidonk, yon entènis fè konsiltasyon jeneral. Si yon moun gen zo kase, li dwe wè yon òtopedis, osnon yon doktè ki okize zafè zo nan kò moun. An jeneral, li bon pou yon moun toujou ale kay menm doktè prive an.

Doktè prive koute pi chè pase doktè ki travay nan klinik piblik yo. Ou oblije peye chak konsiltasyon, epi ou dwe pran yon randevou davans pou ou ale wè yon doktè prive. Si pou ka kapab kenbe randevou an, ou dwe avèti klinik doktè an paske si ou pa fè sa, li kapab fè ou peye kanmèm.

c. Klinik

Yon klinik se yon sant ki bay diferan kalite sèvis medikal. Gen anpil klinik ki finanse ak lajan gouvènman federal lan, e gen anpil tou ki finanse ak lajan òganizasyon charitab. Nan seksyon sa a,

gen enfòmasyon sou diferan kalite klinik. Sonje byen, chak kominote gen sistèm pa li, kidonk ou ka jwenn diferan kalite klinik nan kominote pa ou.

1. Klinik Prive—An jeneral, ou kapab jwenn doktè ki gen espesyalite diferan nan yon klinik prive. Klinik prive koute chè menm jan ak doktè prive, e ou dwe pran yon randevou tou. Men, nan yon klinik prive, yon lòt doktè kapab konsilte ou si doktè pa ou gen yon ijans ki oblije li deplase.

2. Klinik Piblik—Gen anpil kominote ki gen klinik piblik ki finanse ak lajan gouvènman federal lan osnon ak lajan òganizasyon charitab. Nan klinik piblik sa yo, yon moun peye dapre sa ou kapab peye. Gen diferan doktè ki reskonsab klinik lan epi chak fwa yon moun ale, li gen dwa wè yon doktè diferan. Kalite swen klinik piblik lan bay depann sou bezwen kominote l' ap sèvi an. Ou ka oblije pran yon randevou pou ou wè yon doktè, men gen klinik piblik ki sèvi moun nan lòd yo rive. An jeneral, klinik piblik yo gen anpil moun ki lakòz tout moun tann anpil.

3. Klinik ki atache ak Lopital—Klinik sa yo kapab mache tankou klinik prive osnon tankou klinik piblik. Lopital ki gen lekòl medsin yo toujou gen kalite klinik sa yo, e gen elèv medsin ki travay ansanm ak pwofesè yo.

4. "Health Maintenance Organization" (HMO) Se yon òganizasyon ki gen reskonsablite jere swen medikal. Li mache tankou yon gwo klinik ki gen anpil doktè epi pafwa li gen lopital pa li. Yon moun gen dwa patisipe nan òganizasyon sa a si li siyen yon kontra pou li resevwa swen medikal. Si li siyen yon kontra, fòk li peye yon kantite kòb chak mwa. Kontra a detaye tout sèvis moun nan dwe resevwa. An jeneral, yo ofri tout kalite tretman medikal pou preske tout maladi ak tout operasyon. Men se nan klinik òganizasyon an pou yon moun vini si li malad, paske lajan li peye a ap sèvi nan klinik òganizasyon an sèlman. Klinik sa yo chwazi fè prevansyon tou; sa vle di, yo bay yon moun swen li

merite anvan li vin malad. Kidonk, yo ankouraje moun vin konsilte detanzantan.

d. Lopital

Gen lopital nan preske tout zòn nan peyi Etazini, menm nan zòn ki an deyò gwo vil yo. An jeneral, moun ale lopital si gen yon ka ki grav osnon si yon doktè voye yo. Yon lopital la pou li bay swen pou yon pwoblèm presi, li pa la pou moun vin fè konsiltasyon. Lopital fèt pou trete maladi ki pa ka trete lòt kote paske fòk gen yon doktè k'ap veye maladi an tout tan.

Lopital koute chè, e preske tout lopital mande prèv asirans anvan yo koumanse trete yon malad. Men, an jeneral, gen yon lopital nan zòn nan ki aksepte trete tout moun ki pa kapab peye anpil kòb osnon ki pa kapab peye vit e prese.

e. Sèvis Ijans

Si gen yon ijans, gen kote pou yon moun jwenn tout swen li bezwen. Pa egzanp, si ou ta tonbe pandan ou nan lari epi ou kase janm ou, lapolis ap mennen ou nan yon sal sèvis ijans kan menm.

Chak kominote ka genyen sèvis ijans pa li. Kidonk, lè ou fèk rive nan kominote ou pral rete an, li ta bon pou ou mande yon reprezantan ajans benevòl lan pou li esplike ou tout sèvis sa yo epi kouman pou ou sèvi avèk yo. An jeneral, men sèvis ki genyen:

1. Sal Sèvis ijans—An jeneral, tout sal sèvis ijans ouvri 24 trè. Si moun ki malad/blese an kapab mache, e lopital lan pa lwen, l'ap pi rapid si ou mennen li nan sal ijans. Konsa tou, si gen yon oto nan kay la epi lopital lan pa lwen, li pi rapid pou ou mennen li tou. Se pa tout lopital ki gen yon sal sèvis ijans, kidonk, li enpòtan pou ou chèche konnen avan ou ta bezwen sèvis ijans.

2. "Paramedics" —Gen anpil kominote ki gen yon ekip moun ki byen prepare pou yo bay premye swen osnon swen ijans. Ekip sa a kapab bay yon moun premye swen lakay li osnon, si sa grav, yo kapab mennen li lopital tou. Yon "paramedic" pa yon doktè, men li gen fòmasyon pou li bay swen ijans. Yon "paramedic"

kapab rive kote gen ijans lan byen rapid; se sa ki fè yo kapab sove lavi anpil moun. Ou kapab telefone "paramedic" yo lajounen kou lannuit, si ou pase nimewo 911 osnon si ou pase nimewo 0. Li enpòtan pou ou make nimewo sa yo yon kote ki pre telefòn nan. Lè ou telefone, moun ki reponn nan ap mande ou kèk enfòmasyon tankou: non ou, adrès ou, ak yon ti esplikasyon sou ijans lan. Ou ka oblije peye pou sèvis sa a.

3. Anbilans—Preske tout kominote gen sèvis anbilans. An jeneral, sèvis sa yo prive, kidonk, ou ka oblije peye. Gen anpil nimewo espesyal pou rele konpayi ki gen sèvis anbilans. Ou kapab rele yo lajounen kou lannuit tou e y'ap mande menm enfòmasyon ak sèvis "paramedic" yo.

4. Sant pou kontwole pwazon—Gen anpil zòn ki gen yon nimewo telefòn espesyal pou kontake sant ki reskonsab zafè pwazon. Lè ou telefone sant sa, y'ap di ou tout sa pou ou fè pou ede viktim nan depi ou kapab esplike ki pwazon moun nan vale.

f. Dantis

Gen anpil klinik dantis ki mache menm jan ak klinik medikal yo. Men, li pa fasil pou ou jwenn yon klinik dantis ki piblik. An jeneral fòk ou pran yon randevou ak dantis lan tou. Ou kapab jwenn sèvis ki koute mwens kòb nan yon lopital ki gen yon lekòl pou fòme dantis.

g. Kouman pou ou peye sèvis doktè ak dantis

Sèvis doktè gen diferan pri nan tout peyi an. Menm si ou pa bezwen swen yon doktè chak mwa, li enpòtan pou ou sere lajan chak fwa ou touche pou ou kapab peye swen sa yo lè ou bezwen yo. Se yon òganizasyon osnon yon patikilye ki bay pi fò swen medikal nan peyi Etazini e fòk ou peye pou swen sa yo. Frè enfimyè, frè medikaman, frè ekipman ak frè lokal lan deja kalkile nan lajan ou peye an. Gouvènman an pa ede òganizasyon/patikilye sa yo ak depans yo, kidonk yo bezwen fè benefis pou yo kapab peye tout frè pa yo.

Gen anpil moun ki gen asirans pou ede yo peye frè doktè ak dantis. Asirans lan se yon sistèm ki ede yon moun peye frè medikal li lè li bezwen yo a kondisyon moun nan peye konpayi asirans lan chak mwa.

Gen anpil patwon ki bay travayè yo asirans. Men, ou kapab achte yon asirans pou tèt ou ansanm ak fanmi ou tou. Si ou achte yon asirans, li enpòtan pou ou konprann tout detay yo byen. Anpil fwa, ou ka oblije peye yon pòsyon nan frè medikal yo anvan epi konpayi asirans lan peye rès la. Epi tou, gen konpayi ki pa vann asirans pou tout pwoblèm medikal. Si ou enterese achte yon asirans, pran konsèy nan men yon reprezantan ajans benevòl lan anvan.

Ou kapab peye swen medikal ak lajan kach tou. Men, si ou fè yon gwo maladi, lajan ou kapab pase byen vit. Gen anpil klinik ak anpil doktè ki oblije yon malad peye swen medikal li ak lajan kach menm si li gen asirans. Lè sa a, moun nan oblije fè yon demann osnon yon "claim" pou asirans lan remèt li lajan li. Konpayi asirans lan kapab remèt moun nan tout lajan li osnon li ka remèt yon pòsyon nan lajan an.

Menm si swen doktè ak dantis koute anpil lajan nan peyi Etazini, gen diferan fason yon moun kapab degaje li ak frè sa yo. Sèvis yo la e se sa ki enpòtan. Gen moun ki byen prepare pou ede ou si gen ijans, pa egzanp, si pitit ou ta malad lannuit. Pa bliye lapolis kapab ede ou tou. Chak vil gen yon nimewo telefòn pou kontakte sèvis ijans; ou dwe konnen nimewo sa a pa kè.

3. LALWA AK GOUVÈNMAN

Peyi Etazini se yon peyi ki gen anpil kontras. Li sitiye nan yon gwo espas jewografik epi gen anpil diferans ras ak diferans kilti nan mitan abitan li. Depi nasyon ameriken an tabli, peyi a te toujou yon peyi ki gen diferan ras ak diferan kilti. Ane ale, ane vini, sitiyasyon politik ak ekonomik nan tout lòt peyi sou latè fè anpil moun kite peyi yo pou yo refijye nan peyi Etazini. Kidonk,

vin gen plis melanj ras ak kilti. Nenpòt moun ki vle vin abite nan peyi Etazini, dwe konprann li pral viv/travay nan yon peyi ki gen anpil ras ak anpil kilti diferan tou. Gwosè ak divèsite peyi Etazinini vin enfliyanse estrikti sosyal, politik ak ekonomik li.

Peyi Etazini gen 50 eta plis yon zòn ki rele "District of Columbia", tout moun rele "Washington, D.C." Distans pou soti sou yon kòt pou rive sou yon lòt depase 3,000 mil (1 mil= 1.6 km.). Distans pou soti nan nò peyi an pou rive nan sid li preske 1,600 mil. Nan peyi Etazini ou ka jwenn tout kalite klima, tout kalite tè, epi tout kalite moun tou.

Gen anpil varyete nan lavi ak lakilti nan tout vil peyi Etazini yo. Se sa ki fè tout moun dwe respekte lalwa tout moun dwe kapab tolere ak chèche konprann tout moun.

a. Estrikti Politik nan Peyi Etazini

Seksyon gen enfòmasyon sou estrikti ak operasyon gouvènman nan peyi Etazini. Men, enfòmasyon sa yo pa detaye. L'ap pi bon pou ou chèche konprann sistèm politik peyi an, lè ou fin rive isit.

Peyi Etazini se yon repiblik federal ki fonde an 1789 e ki chita sou yon konstitisyon ki manman lwa peyi an. Se konstitisyon an ki separe pouvwa politik yo an twa branch: egzekitif, lejislatif ak lajistis. Chak branch sa yo reprezante nan twa nivo gouvènman yo: gouvènman federal, gouvènman eta, ak gouvènman lokal.

Prezidan peyi Etazini ak Kabinè Minis li yo reprezante pouvwa egzekitif nan gouvènman federal lan. Paleman an osnon "Congress" gen Chanm Depite ak Sena e se paleman an ki fòme pouvwa lejislatif lan. Tout tribinal nan peyi an fòme pouvwa lajistis. Se gouvènman federal ki pran tout desizyon sou ki politik ki dwe mennen aletranje, sou defans nasyonal, sou zafè taks federal, ansanm ak politik nasyonal ki gen rapò ak agrikilti, biznis, travay ak komès.

Chak eta nan peyi Etazini, gen yon Gouvènè ki nan tèt li.

Kidonk se li ki reprezante pouvwa egzekitif nan gouvènman chat eta. Tout tribinal ki nan chak eta reprezante lajistis. Chanm Depite ak Senatè nan chak eta reprezante pouvwa lejislatif lan. Chak eta reskonsab tout desizyon ki gen rapò ak edikasyon, alkòl, taks, elatriye...

Nan nivo gouvènman lokal lan, an jeneral se yon majistra ki reprezante pouvwa egzekitif lan. Konsèy gouvènman an osnon "City Council" reprezante pouvwa lejislatif la, epi tribinal ki nan vil lan reprezante lajistis. Gouvènman lokal lan reskonsab tout desizyon ki gen rapò ak pwoteksyon lapolis, sèvis ponpye, netwayaj lari, elatriye...

Pouvwa a separe nan touletwa nivo gouvènman an. Separasyon pouvwa sa a se yon sistèm "checks and balances," ki pèmèt yon pouvwa veye epi balanse yon lòt pouvwa. Pa egzanp, Prezidan gen dwa veto yon pwojè lwa, men Paleman kapab defèt veto Prezidan ak vòt 2/3 manm li yo.

b. Eleksyon ak Pati Politik

Nan peyi Etazini, gen plizyè pati politik menm si se 2 pati politik ki domine sèn politik nasyonal lan. Gen eleksyon nan touletwa nivo gouvènman yo, epi eleksyon dwe fèt pou tout pòs. Men, Prezidan an nommen manm lakou siprèm ak manm tribinal federal yo. Gen nominasyon Prezidan an fè ki dwe konfime nan Sena a.

c. Dwa yon moun dapre lalwa

Kòm refijye nan peyi Etazini, ou kapab jwi menm dwa ak tout lòt moun k'ap viv nan peyi an. Youn nan dwa sa yo se yon tretman egal ego dapre lalwa. Konstitisyon peyi Etazini gen 10 amandman ki rele "Bill of Rights." Depi ane 1791, yo veye pou dwa sivil sa yo respekte pou tout moun, e dwa sivil sa yo bay garante:

*dwa pou tout moun gen lapawòl

*dwa pou laprès mache san presyon

*dwa pou tout moun chwazi relijyon yo pito

*dwa pou moun reyini

*pwoteksyon pou lapolis pa sezi ni fouye propriyete ou san rezon.

Tout lwa ki vote nan nivo federal, nivo eta osnon nivo lokal dwe toujou pwoteje dwa sa yo.

d. Lalwa nan peyi Etazini

Tout lwa nan peyi Etazini fèt pou pwoteje dwa ou. Tout moun ki vyole lwa sa yo, rich kou pòv, ap oblije ale devan lajistis. Kidonk, li enpòtan pou ou byen konprann dwa ou ak reskonsablite ou ansanm ak lwa peyi Etazini. Si ou vyole yon lwa, ou pa kapab di ou pat konnen lwa sa a. Lapolis a arete ou kanmenm.

1. Lwa Federal yo—Tout moun k'ap viv nan peyi Etazini dwe respekte lwa federal yo. Pa egzanp gen lwa federal sou kesyon travay ki pwoteje tout moun kont diskriminasyon sou baz seks yon moun, nasyonalite li, ras li ak relijyon li. Kidonk yon patwon pa kapab ni revoke ni pran yon travayè sou baz sa yo.

2. Lwa Eta Yo—Chak eta pase lwa pa li. Pa egzanp gen eta ki egzije tout moun enspekte otomobil yo youn osnon 2 fwa chak ane. Gen lòt eta ki egzije yon enspeksyon si yon moun ap vann osnon achte yon otomobil sèlman. Règleman pou chofè otomobil varye anpil tou. Gen eta ki bay lisans kondui a 16 zan; gen lòt ki bay li a 18 ane. Gen eta ki pèmèt moun bwè alkòl a 18 ane; gen lòt se 21 ane.

3. Lwa Lokal yo—Lwa lokal yo gen enpòtans pou yon vil osnon yon zòn. Pa egzanp, gen lwa lokal ki defini ki zòn ki fèt pou biznis ak komès, epi ki zòn ki fèt pou rezidans prive.

e. Asistans legal

Nan peyi Etazini, si yo akize ou, tout moun konsidere ou inosan jouk tribinal deklare ou koupab. Ou fèt pou ou gen yon avoka; si ou pa kapab peye sèvis yon avoka, tribinal lan ap peye

yon avoka pou ou. Si ou ta gen yon pwoblèm legal epi ou pa konnen ki wout pou ou fè, kontakte "Legal Aid Society" nan vil/zòn ou rete an.

f. Lalwa ak Pwoteksyon Piblik

Lapolis reskonsab pwoteksyon tout moun epi yo reskonsab fè tout moun respekte lalwa. Lapolis kapab ede moun ki pa konnen ki wout pou yo fè, epi yo kapab ede moun ki gen ijans medikal.

Gen krim nan tout peyi Etazini. Men, nan tout peyi an, kantite krim yo varye dapre zòn nan. Kidonk, ou dwe pran tout prekosyon kelkenswa kote ou rete an. Ou dwe fèmen pòt kay ou ak kle, fèmen pòt machin ou ak kle, pa soti ak anpil lajan, epi chèche konnen nan ki katye ou pa dwe mache lannuit.

Lè ou nan wout pou destinasyon final ou, fè atansyon. Yon vòlè kapab remake ou fèk debake nan peyi an paske l'ap wè ou pa alèz. Pran prekosyon pou moun pa wè lajan ki sou ou, epi pa kite lajan ak bijou nan chanm otèl lan. An jeneral, tout otèl gen yon bwat pou sere tout sa ki enpòtan osnon ki gen anpil valè. Ou gen dwa mande yon jeran otèl lan pou li sere nenpòt bagay pou ou, epi ou ka pran li anvan ou kite otèl lan. Ou gen dwa sere bagay enpòtan osnon ki gen anpil valè nan yon bank tou. Sèvis sa a pa koute chè epi pèsonn pap konnen zafè ou.

Si ou ta bezwen lapolis, pa ezite rele yo. Nimewo telefòn lapolis nan preske tout vil se 911. An jeneral, ou pa bezwen mete lajan nan telefòn piblik ki nan lari yo pou rele lapolis. Si ou pa konnen ki nimewo pou ou rele, rele operatè a nan "0" epi l'ap avèti lapolis. Si ou pa konn pale angle, eseye di "Help" osnon "Emergency" epi pa fèmen telefòn nan paske se konsa operatè a ap konnen kote ou ye.

4. RELIJYON NAN PEYI ETAZINI

Relijyon te toujou gen yon wòl enpòtan nan lavi moun nan peyi an. Gen 8 nan premye 13 koloni yo ki te tabli paske moun yo t'ap kouri pou pèsekisyon an ewòp. Anvan revolisyon ameriken an, chak koloni te gen sistèm legal li, sistèm sosyal li, ak relijyon li. Gen koloni ki te suiv sistèm peyi ewòp yo paske yo te adope lwa ki te pèmèt youn osnon plizyè relijyon. Apre revolisyon an, tout koloni yo vin fòme yon nasyon epi yo adopte yon konstitisyon ki sèvi kòm manman lwa pou yo tout. Gen 10 premye amandman nan konstitisyon an ki rele "Bill of Rights", ki te adopte depi an 1791. Premye amandman an se li ki bay garanti pou yon moun chwazi relijyon li pito. Se premye amandman sa a tou ki tabli prensip separasyon leta ak legliz lan. Men sa ki ekri nan amandman sa a:

"Paleman an pa gen dwa pase okenn lwa ki fòse moun aksepte/respekte okenn relijyon, epi li pa gen dwa pase okenn lwa ki anpeche moun sèvi relijyon yo prefere."

Nan ane 1947, lakou siprèm te pran yon gwo desizyon dapre jan jij yo te entèprete premye amandman an. Jij yo te deklare:

Dapre yon pati nan premye amandman an, ni gouvènman federal lan ni gouvènman eta yo pa kapab tabli okenn relijyon. Yo pa kapab pase okenn lwa ki ede youn osnon tout relijyon, yo pa gen dwa pase lwa ki bay yon relijyon preferans sou yon lòt. Yo pa kapab fòse pèsonn ale legliz, ni yo pa kapab anpeche pèsonn ale legliz. Yo pa kapab fòse pèsonn ni kwè ni pa kwè nan yon relijyon. Yo pa gen dwa pini pèsonn pou tèt li kwè ni pa kwè nan yon relijyon, ni paske li mache osnon pa mache nan yon legliz. Yo pa gen dwa pase lwa ki oblije pèsonn peye taks pou sipòte okenn relijyon, okenn aktivite legliz, okenn lekòl ki atache ak yon relijyon osnon k'ap preche yon relijyon. Ni gouvènman federal lan, ni gouvènman eta yo pa gen dwa patisipe nan zafè okenn legliz, nan zafè okenn òganizasyon osnon gwoup legliz. Menm jan, okenn legliz

okenn òganiasyon osnon gwoup legliz pa gen dwa antre nan zafè gouvènman federal lan ni nan zafè gouvènman eta yo. Dapre Jefferson, yo te ekri pati sa a pou mete yon mi ki separe Legliz ak Leta.

Deklarasyon sa a pa vle di gouvènman an dwe gen pwoblèm ak relijyon. Reskonsablite Legliz ak Leta separe se vre, men Legliz ak Leta konn travay ansanm si se pou yon kòz ki enterese yo e k'ap bon pou tout sosyete an.

a. Relijyon nan peyi Etazini

Relijyon enpòtan anpil nan lavi anpil ameriken e preske tout ameriken gen yon relijyon. Dapre rezilta yon sondaj ki fèt sou relijyon an 1994, popilasyon ameriken an gen:

61% pwotestan
25% Katolik Romen
2% Jwif
5% Lòt relijyon
7% pa kwè nan okenn reliyon osnon pa ale nan okenn legliz

Majorite moun nan peyi Etazini se kretyen; yo katolik osnon pwotetan.

Twazyèm relijyon ki gen plis fidèl/kwayan nan peyi Etazini se relijyon jwif sou latè. Gen 3 sektè nan relijyon jwif lan: sektè Konsèvatè a ki reprezante 42%; sektè òtodoks lan ki reprezante 28%; epi sektè refòmis lan ki reprezante 30%. Gen plis pase 4,000 sinagòg nan tout peyi Etazini.

Nan mitan 19yèm syèk lan, koumanse vin genyen anpil mizilman k'ap antre nan peyi Etazini. Jounen jodi a, popilasyon mizilman an depase 400,000.

Jounen jodi a, japonè ki rete nan eta Kalifòni ak eta awayi fòme kominote boudis ki nan peyi Etazini. Kòm gen anpil refijye ki soti nan zòn Azi an, koumanse vin gen plis boudis isit e yo koumanse tabli yo nan tout peyi an. Gen anpil endou tou nan peyi

Etazini, sitou nan katye imigran endou yo. Gen anpil tanp "Bahai" ki tabli nan plizyè vil tou.

b. Wòl Legliz nan patwone refijye

Gouvènman an travay anpil ak legliz nan zafè ede refijye tabli nan peyi Etazini e gen anpil ajans benevòl ki atache ak legliz. Aktivite ajans benevòl sa yo baze sou zèv legliz yo fè pou ede moun ki nan bezwen. Se kolaborasyon sa a ki pèmèt anpil refijye tabli nan peyi Etazini.

Pa bliye, gouvènman an ede ajans benevòl yo ak depans yo fè pou ede moun antre nan peyi an.

Ajans benevòl k'ap ede ou lan gen dwa atache ak nenpòt legliz; se pa pwoblèm. Ou gen dwa sèvi nenpòt relijyon tou. Si ou vle pran kontak ak legliz ou sèvi an, ou gen dwa mande nenpòt reprezantan ajans benevòl lan.

KONKLIZYON

Nan chapit sa a te gen anpil enfòmasyon sou diferan sèvis ki egziste pou ede yon refijye, ak tout reskonsablite yon refijye genyen nan peyi Etazini. Pa bliye, refijye gen menm dwa ak tout lòt moun e lalwa pwoteje tout refijye menm jan li pwoteje tout lòt sitwayen. Men, refijye pa kapab vote, yo pa kapab vwayaje pou yo ale nenpòt kote epi yo pa kapab antre nan sèvis militè. Yon refijye dwe vin reskonsab tèt li; sa vle di pou li travay epi pou li ale lekòl.

Sistèm politik peyi Etazini an konplike anpil e se pa tout ameriken ki konprann li. Plis yon refijye koumanse abitye ak sistèm sa a, sitou si li vle vin sitwayen ameriken, plis l'ap konprann kouman sistèm legal ak sistèm politik lan afekte li.

CHAPIT 6
KÈK KONSÈY POU CHAK JOU

1. KOUMAN POU OU MANDE ÈD

Si ou ta pèdi osnon ou ta bezwen yon esplikasyon, ou pa bezwen jennen mande nenpòt moun ki nan lari an, nan estasyon gazolin yo, osnon nan boutik yo. An jeneral, tout moun toujou pare pou yo ede. Si ou gen yon ijans, ou gen dwa rete yon machin polis osnon ou gen dwa mande yon moun rele lapolis pou ou.

2. PAPYE KI DWE NAN BOUS OU

Ou dwe toujou mache ak yon kopi ti kat I-94 la nan bous ou. Ou dwe gen non, adrès ak telefòn ajans benevòl ki patwone ou lan tou. Si ou pa konn pale angle, mache ak adrès ou osnon adrès moun ou pral vizite an.

3. OTOMOBIL

Lè ou rive isit, ou pral remake kouman gen anpil otomobil sou wout yo. Se mwayen transpò ki pi popilè. Si ou ta enterese achte yon otomobil, fòk ou konnen se yon gwo depans e fòk ou ajoute pri asirans lan tou. Ou pa gen dwa kondui yon otomobil si ou pa gen ni lisans ni asirans.

4. SI OU BEZWEN YON NIMEWO TELEFÒN

Si ou pa kapab jwenn nimewo telefòn yon moun, telefone 411. Si ou ta bezwen nimewo telefòn yon moun ki pa rete nan menm zòn avèk ou, telefone 1 + (kòd rejyon an)+ 555-1212. Anvan ou gen telefòn lakay ou, chèche konnen kote telefon piblik yo ye nan katye lakay ou. Mete tout nimewo telefòn enpòtan yo yon kote ou kapab jwenn yo si ou gen yon ijans.

5. ALKÒL

Nan peyi Etazini anpil moun bwè alkòl; men, gen lwa ki regle kesyon achte ak vann alkòl. Lwa sa yo varye dapre zòn nan, e gen kote lwa yo sevè anpil. Nan peyi Etazini, ou pa gen dwa kondui otomobil si ou t'ap bwè alkòl paske lalwa konsidere sa tankou yon gwo krim. Si lapolis kenbe ou, yo kapab arete ou, fè ou peye yon gwo amann epi ou kapab pèdi lisans ou. Jenn ti moun pa gen dwa ni achte, ni bwè alkòl si yo pa gen o mwens 18 ane. Gen kote se 20 osnon 21 ane. Isit, si yo ofri ou yon bwason ki gen alkòl, ou kapab refize paske sa pap deranje pèsonn.

6. FÒMALITE

Pèp ameriken an se yon pèp ki san pwoblèm. Lè ou nan yon sosyete, ou pa oblije rele pèsonn ni mesye ni madam. Lè ou nan travay osnon lè ou fèk fè konesans ak yon moun, ou kapab sèvi ak tit. Gen anpil jeran reskonsab ak anpil kòlèg nan yon travay ki prefere ou pa ba yo okenn tit. Gen tit pwofesyonèl tankou doktè, ki pi bon pou yon sitiyasyon ki fòmèl. Yon souri se yon bagay ki enpòtan e ou kapab salye nenpòt moun ak yon souri.

7. ZAFÈ PRIVE

Ameriken se yon pèp ki san pwoblèm, se vre, men yo renmen pou zafè pèsonèl yo prive. An jeneral, moun isit pa pase lakay zanmi yo san yo pa telefone pou yo avèti zanmi an. Zafè lajan yon moun se bagay ki prive. Ou pa dwe mande yon moun konbyen kòb li touche, osnon konbyen kòb li peye yon kay, yon otomobil, elatriye...

8. RANDEVOU

Tan tout moun enpòtan anpil. Ameriken respekte randevou yo bay e yo vle lòt moun respekte randevou yo pran tou. Gen biwo ki egzije ou pran randevou; si ou pa kapab kenbe randevou an, osnon si ou pral gen plis pase 15 minit reta, fòk ou avèti moun nan.

9. MOUN KI FIMEN SIGARÈT

Gen anpil ameriken ki pa fimen e ki gen dwa pa vle pèsonn fimen lakay yo osnon nan biwo yo. Yo entèdi moun fimen nan anpil restoran, nan otobis ak anpil lòt sal piblik. Gen kote yo pa entèdi moun fimen nèt tou.

10. IJYÈN PÈSONÈL

Majorite ameriken benyen osnon pran yon douch chak jou, bwose dan yo 2 fwa pa jou, lave cheve yo ak rad yo regilyèman. Gen anpil pwodui ki fèt pou sa tankou deyodoran, chanpou, savon, elatriye.

11. POUBWA

An jeneral, lè yon moun manje nan yon restoran, li dwe bay moun k'ap fè sèvis lan yon poubwa. Si ou pran yon taksi tou, ou dwe bay chofè an yon poubwa tou. Gen anpil lòt sitiyasyon ki mande sa tou. Mande yon reprezantan ajans benevòl lan. Men, ou pa dwe ni lapolis ni otorite gouvènman yo okenn poubwa.

12. KOUMAN OU DWE EKRI CHIF

Nimewo "1" ak nimewo "7" ekri byen senp (1, 7); yo pa ekri yo konsa (1, 7) isit.

5,600 ekri ak yon vigil, li pa ekri ak yon pwen (5.600).

Fraksyon ekri ak yon pwen, pa egzanp 9.85; yo pa ekri fraksyon ak vigil, pa egzanp (9,85).

13. LAJAN

Sistèm monetè ameriken an baze sou dola. Yon santim osnon yon peni, se inite ki pi piti an. Gen 100 santim nan yon dola. Lajan ameriken an gen monnen ak papye. Men kèk egzanp:

Pyès Monnen

Penny = 1 santim = 1¢ osnon $.01

Nickel = 5 santim/kòb = 5¢ osnon $.05

Dime = 10 santim/kòb = 10¢ osnon $.10

Quarter = 25 santim/kòb = 25¢ osnon $.25

Half-dollar = 50 santim/kòb = 50¢ osnon $.50

One dollar = 100 santim/kòb = $1.00

Lajan Papye

1 dola ($1.00)

2 dola ($2.00)

5 dola ($5.00)

10 dola ($10.00)

20 dola ($20.00)

50 dola ($50.00

100 dola ($100.00)

Si ou vle ekri 2 dola trant kòb ($2.30) ou kapab ekri li konsa "two dollars and thirty cents."

14. PWA AK MEZI

Distans

1 mile = 1, 790 yad = 5,280 pye = 1.609 kilomèt

1 yard = 3 pye = 91.44 santimèt

1 foot = 12 pous = 30.48 santimèt

1 inch = 2.54 santimèt

Mezi an kare

1 square mile = 640 acres = 258.999 ekta

1 square yard = 9 pye kare = 0.405 ekta

1 square foot (1 pye kare)=144 square inches=929 santimèt kare

1 square inch = 6.45 santimèt kare

Pwa

1 ton = 1.016 tòn metrik

1 pound (1 liv) = 16 ons = 3.785 gram

1 ounce (1 ons) = 28.350 gram

Likid

1 gallon (1 galon) = 4 quarts = 8 pints = 3.785 lit

1 quart = 2 pints = 0.946 lit

1 pint = 2 cups (2 tas) = 0.473 lit

1 cup (1 tas) = 0.285 lit

1 liquid ounce = preske 29.5 ml

CHAPIT 7
JOU KONJE AK DAT ESPESYAL NAN PEYI ETAZINI

Premye Janvye—Joudlan—Jou konje nan tout peyi Etazini.

Fèt Martin Luther King Jr.—Twazyèm lendi nan mwa janvye. Se yon jou ki onore memwa yon gwo leader dwa sivil tout moun. Se yon jou konje nan tout peyi Etazini.

14 fevriye—Fèt Sen Valanten—Youn bay lòt, flè, chokola, kat ak tout lòt bagay ki demontre afeksyon.

President's Day—Twazyèm lendi nan mwa fevriye. Se yon jou ki fete nesans 2 prezidan ameriken: George Washinton, fondatè nasyon ameriken, premye prezidan peyi Etazini; Abrahan Lincoln, ki te prezidan pandan lagè sivil ameriken an. Se yon jou konje nan tout peyi Etazini.

Mèkredi lèsann—Premye jou karèm ki selebre nan mwa fevriye osnon mas.

17 mas—Sen Patrik—Dat lanmò Sen Patrik, patwon peyi Irlanń.

Premye avril—Pwason davril—Yon jou moun pran tout kalite plezi sou lòt moun.

Dimanch Ramo—dimanch ki tonbe anvan dimanch Pak

Vandredi Sen—vandredi ki tonbe anvan dimanch Pak

Dimanch Pak—Dat rezireksyon Jezikri.

Passover*—Yon selebrasyon jwif pou komemore egzòd pèp jwif lan lè li t'ap soti anba esklavay nan peyi Ejip.

Fèt Manman—Dezyèm dimanch nan mwa me.

---

* Tout selebrasyon pèp jwif lan koumanse la vèy dat lan kou solèy kouche epi yo fini jou selebrasyon an menm, lè solèy kouche. Dat tout selebrasyon sa yo chanje chak ane paske yo baze sou kalandrye jwif lan ki pa menm ak kalandrye ameriken an.

Shavuot*—Yon selebrasyon jwif pou komemore lè Moyiz te resevwa 10 Kòmandman yo ansanm ak lwa espesyal tout jwif dwe suiv ki nan yon liv ki rele **Torah**.

Memorial Day—Dènye lendi nan mwa me. Yon jou ki onore memwa tout sòlda ki mouri nan lagè. Se yon dat ameriken koumanse komemore depi epòk lagè sivil.

14 jen—Fèt Drapo Ameriken—Yon jou konje nan anpil eta. Yon dat ki komemore jou Kongrè Kontinantal lan te adopte zetwal ak ba ki nan drapo ameriken an.

Fèt Papa—Twazyèm dimanch nan mwa jen.

4 Jiyè—Fèt Endepandans peyi Etazini—Jou konje nan tout eta. Se jou sa a, an 1777, yo te adopte Deklarasyon Endepandans-la.

Fèt Travay—Premye lendi mwa sektanm—Yon jou konje nan tout peyi Etazini. Se yon jou pou onore travayè ameriken. Dat sa a toujou tonbe nan fen vakans ete yo.

Rosh Hashana*—Joudlan jwif

Yom Kippur*—Yon selebrasyon jwif, se yon jou repantans; tout jwif dwe lapriyè, e yo pa dwe manje.

Succoth*—Yon selebrasyon jwif; se yon jou ki komemore yon rekòlt ak yon festival espesyal.

Simchat Torah*—yon selebrasyon espesyal pou liv ki gen lwa jwif yo.

Columbus Day—Dezyèm lendi nan mwa oktòb—Yon jou konje nan tout peyi Etazini. Dat ki komemore jou Kristòf Kolon te dekouvri peyi Etazini.

31 oktòb—Halloween—Yon jou espesyal pou ti moun degize epi yo mache nan katye lakay yo ap mande bagay dous. Si yo pa jwenn anyen, yo fè yon vye bwi ki fè moun pè/sezi.

11 novanm—Veteran's Day—Yon jou konje nan tout peyi Etazini. Yon jou pou onore tout solda ki nan fòs zame ameriken-yo.

Thanksgiving Day—Katriyèm jedi nan mwa novanm. Yon jou konje nan tout peyi Etazini. Se yon gwo jou kote tout ameriken remèsye latè pou tout manje li bay. Se yon jou pou tout moun nan yon fanmi manje ansanm; yo manje kodenn, patat, mayi, elatriye. Se yon tradisyon ki koumanse depi sou tan premye moun ki te tabli isit yo.

25 desanm—Fèt Nwèl—Yon jou konje nan tout peyi Etazini. Se fèt nesans Jezikri.

Ramadan—Mwa ki pi sakre pou mizilman; selebrasyon sa a tonbe nan nevyèm mwa kalandriye mizilman an ki koumanse ak yon lalin tou nèf. Tout fidèl yo fè jèn pandan tout mwa an depi solèy leve jouk li kouche. Dat selebrasyon sa a chanje chak ane paske li baze sou kalandriye mizilman an ki pa menm ak kalandriye ki sèvi nan peyi Etazini.

CHAPIT 8
AJANS BENEVÒL KI NAN PEYI ETAZINI

Nou espere ou jwenn anpil repons ou t'ap chèche nan gid sa a. Nou swete ou anpil chans, e nou swete tout bagay mache byen pou ou pami ameriken parèy ou.

Church World Service (CWS)

Cuban Exodus Relief Fund

Episcopal Migration Ministries

Ethiopian Community Development Council

Hebrew Immigrant Aid Society (HIAS)

Immigration & Refugee Services of America (IRSA)

International Rescue Committee (IRC)

Iowa Department of Human Services Bureau of Refugee Services

Lutheran Immigration and Refugee Services (LIRS)

Tolstoy Foundation (TF)

United States Catholic Conference Migration and Refugee Services (USCC)

World Relief Refugee Services (WR)